ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№113 (22.021) ● 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Тхьэзэплъ А. С. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Законым тетынымрэ хабзэр гъэбыдэнымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ дагъэнэшу зэрылажьэм кьыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын **Тхьэзэплъ Алешэ Сулътан и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и судыщІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент К`ЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м
№97-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Журналистикэм и Іэнатіэм фІыщІэ ин зэрыщІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ жьэлу зэрылажьэм кьыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр яфІэщын «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпание» акционер общество зэІуэм и редакторхэу - режиссерхэу

Богачевэ Иринэ Петр и пхъум
Мысостышхэу Маринэ Хьэсэнбий и пхъум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м
№98-УП

Къанокъуэ Арсен Іэ щІидзащ Кавказым мамырыгъэ щызэтегъэувэжынымкІэ лэжьыгъэхэр дэІыгъыным теухуа меморандумым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и www.president-kbr.ru официальнэ сайтым интернетыр къэзыгъэсэбпхэм Іэ щыщІадз хъунущ залымыгъэм, экстремизмым, лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэм япэщІэтынымкІэ, Кавказым мамырыгъэр щызэтегъэувэжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр дэІыгъынымкІэ меморандумым. Мы проектыр зыгъэхъзырари кьыхэзылъхьари Урысейм и Жылагъуэ палатэм Кавказым жылагъуэ зэпсэлъэнныгъэхэмрэ граждан Іуэхущ1апІэхэмрэ зыщегъэужьынымкІэ и лэжьакІуэ гупырщ, Шевченкэ Максим зи пашэрщ.

Мы электрон тхыгъэм езым и сайтым япэ дыдэу Іэ щыщІэзыдзар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенщ. Абы кьыхэзыгъэщамкІэ, «документым закон кьару иІэкьым. Абы щІыхуэхэм зыхуагъэувыж кьалэнхэр кьигъэлъагъуэу арац. ИкІи нобэ жылагъуэми властми кьапэщцы Іуэху нэхъ ин дыдэр - кьару зэхэлькІэ мы жэрдэмыр дэгъэкІыныщ, ар тхьылъымпІэ кьудейуэ къэмыну, ГъащІэм кьыщыгъэсэбпэныщ».

ТОЛАСОВЭ Екатерин,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ШэсыпІэ щхьэхуэхэр

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гер тер Иван мэкъуауэгъуэм и 16-м иригъэкІуэкІа зэІуэпІэм Іуэхугъуэ 30-м нэблагъэм щыхэпІыщ, республикэм и мыгъэрей бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэр щыхалъхьащ.

ЗЭКЫХЬЭМ и пэщІэ дэзм Гертер Иван Правительствэм и регламентыр зымыгъэзащІэ министерствэ щхьэхуэхэм дагъуэ яхуищащ, дяпэкІэ абыхэм хуэсакьыш зэрыхуейр ткІийуэ яжриІащ.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министрым и кьуэдзэ **КІэрэф Муат** кьыІэхуэсахэр хигъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Программэм тету ягъэхъэзыр ІэщІагъэлІхэр инджылызыбзэм зэрыхурагъаджэм мыльку зэрыхуохахым, республикэм щыІэкІуэ уасэхэм зэрыкІэлыпІэлъым. Абы кьыІэригъэлъэгъуамкІэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм ерыскьым щиуасэхэр ди деж щынэхъ мащІэ дыдэщ. Кьапщтэмэ, хьэпщІ щІакхъуэр процент 24-кІэ, нэгъуэщІ щІакъуэ-булкэхэкІэхэр процент 22-кІэ щыпхэхъ пудщ. Тхьэмахуэ зэхуаку кьэс ирагъэкІуэкІ кьэпщцытэныгъэхэм кьыЗэрагъэлъагъуэмкІэ, яутІыпща уасэхэм зэрыхэхьуэр процент 30-м фІэкІа кьым, ар федеральнэ законодательствэм кьигъэувэхэм йозэгъ.

ФинансхэмкІэ министр **Бышэн Аэрэт** республикэм и мыгъэрей бюджетым залъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я гугъу щищым кьыхигъэщащ федеральнэ мыльку кьыхуаутІыпщым сом зы мелардрэ мелуан 251-рэ кьыІэрыхуущагъуар. Курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэм мелуани 198-рэ, гууз зиІэхэм хуэфащэ дэІэпыкъуныгъэ етыным мелуан 203-рэ хуохахыщ. ПщІэкІэ ящІэ Іу жуТхьэбзэхэм сом мелуани 2,8-рэ кьыхэзыІуащ. Халъхьэ зэ хуэмыкІыныгъэри х эту республикэм и финанс тхылъ нэхъыщхьэм и хэхьуэхэр сом мелард 21-рэ мелуан 567-рэ, и хэщІэр мелард 23-рэ мелуан 62-рэ хъунущ, хущыщІэр зы мелардым щигъунущ.

КЪР-м мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министрым и **КІуэкІуэ Къазбэч** зэхьыхьэм щызэпкьрихащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ерыскьыпхъэ щынагъуэншагъэм и Іуэхуэкіэ» законым и проектыр. Абы ещанэ зэпыкъуным теухуа законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм кьыІэригъэ увым тету.

НэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри щызэпкьраха зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэзэу **Абрэдж Іэдиб, Уянаев Казым, Ерчэн Темболэт**, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, къэралкомитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КЪБР-м и Парламентым

Къабзагъэм и къежьапІэр

Лэжьапі Іэнатіэхэм я пыдзахуэхэр, унагъуэ пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ дэшыныр, зэхэдзыныр, щІэтІэныр иджыпсту ди республикэми нэгъуэщІ щыналъхьэхми къапэщытхьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. А Іуэхур зэрыдагъэкІым кьыгуэкьыпІэ имыІэу елъытащ ди жылагъуэхэм дэлъыну къабзагъымрэ щыгъуэхэм я псэуалъэм и фІагъымрэ. Араш иджыблагъэ КЪР-м и Парламентым Экологиемрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныкІэ и комитетым и жэрдэмкІэ законэр къыдэзыгъэкІа ЗэІущІэшхуэм а лэжьыгъэр дедеж къызэрыщызэгъэпэщам щІыщытепсэлъыхьар.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым КЪР-м и Парламентым и УнафэщІым и кьуэдзэ Бозий Натбий зэрыжиІамкІэ, пыдзахуэхэр, пхъэнкІиймрэ дэшыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэгъэпэщам арэзы узытемыхуэн куэд хэлъщ. Муниципальнэ щІыналъхьэм я администрацэхэм кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэхуэхьэсынымкІэ, дэшыныкІэ иджырей Іэмалхэр къахуэгъэсэбэпыркъым, абыхэм ахъшэри, мылькри, техникэри яхурикъуркъым.

КЪР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар къыкІэгъэщхьэхуКІащ мы Іуэхум дунейпсом зэрыщытегъэзэвыхьыр. Абы и лъэныкъуэкІэ ди деж нэхъ хэхаэу гу зылъытапхъэу щыІэр псыхъуэкІэ емыгъэуцІэпІыныр, жылагъуэхэм я щІыналъхьэм щхьэзыкІфІэфу пхъэнкІиймрэ куэнщыбымрэ щремыгъэдзыныр.

- Дэтхэнэри къалэ, къуажэ зэІуэпэщым щыпсэуну хуейщ. Ауэ щІыналъэр къабзэтлабзэу щытыныр зэфІэкІыр езыхэрІІэ щІыхуэр куэд хъуркъым. Араш ди экологием зэран хуэхъункІэ хъуну Іуэхуэр кьыщІыгъэныкъуэкІэ. Дэ къаруу дИэр хуэдунэтІыпІхъэщ ди бынхэм, абыхэм я быныжхэм псыежэхэр къабзэу, жылагъуэхэр зэлъытІухуэу къаззэрыхуэдгъэнэнум, - жиІащ Чеченов Ануар.

ЗэІущІэм хэтахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КЪР-м дызэхъуэрыеихь дунейр хъунымрэ щІыуэпсыр къэтэсэбэпныкІэ и министрым и кьуэдзэ Іэнатіэм я Іэхэсэн. Абы зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм иужьрей илъэсхэм щэщІауэ зэуж, апхуэдэу щыкІэтхІэ, Іэнатіэхэм я пыдзахуэхэри нэхъыбэ мэхъу, кьалэхэми пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхуэ нэхъыбэ щызэхэтхыжащ. А псори щрадз, щыщІатІэ щІыналъхьэм кьыхэкІыу зэрызэмыгъэпэщам кьыхэкІыу щІыналъхьэ экологие, санитар щынагъэнщагъэр зэтегъэува къуркъым. Республикэм и кунэшыб идзыпІэхэм мы зэманым унагъуэхэм я пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхуу щызэтрихьар тонн мелуани 4,5-м нобл агъэ. Гъэ кьэс апхуэдэ кІэрыхубжьэрыхуу псори зэхэту тонн мин 200-м нэблагъэ, Налшык кьалэм и закъуэ тонн мин 65-рэ дащ. Къэнщыб идзыпІэхэм яубыд, республикэм и щІыналъэм щыщу гектар 345-рэ. Кунэшыб идзыпІэхэм ящыщу 36-р цІыхуэхэм ираф псыр кьыщыщІащ щыпІэхэм, 159-р жылагъуэхэм ягъэхъунэгъущ. Кунэшыб идзыпІэхэм я нэхъыбэр кьэхухьакъым.

Къэпсэлъам кьызэригъэльэгуамкІэ, зы гектар бетон пкъыгъэуэмкІэ къэхухьакъыным сом мин 800, гъущ кІапсэмкІэ къэхухьакъым сом мин 500-м нэблагъэ токІуада. Ауэ абы кьыщынэркъым - кунэшыб идзыпІэм хиубыдэ щІыр ягъэувэ мардэ псомкІэ къеззгъэу кьызэгъэпэщыным зы гектарым тещІыхьауэ сом мелуани 10 нэхърэ мынэхъ мащІэ токІуэдзэнущ.

ШэджьихьащІэ Хьэсэн хэхаэу къигъэлъэгъуащ иджыпсту республикэм щыІэ кунэшыб идзыпІэхэм ящыщу зыри проект документацэ пыухыкІам тету къызэрызэрамыгъэпэщар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэу 122-м щыщу кунэшыбымрэ пхъэнкІиймрэ дэшыныр кьыщызэрагъэпэщар жылагъуэ 56-рщ. Мы Іуэхур нэхъ тэмэму зэтрагъэуващ Прохладнэ, Май, Шэрдэж муниципальнэ районхэм. Хьарзынэу мэлажьэ я ахъшэу куэд текІуэдзнущ.

Сорокин Виктор зэрыжиІамкІэ, иджыпсту къалэм и унафэщІхэр хопльэ унагъуэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэхэдзауэ дахьшыныкІэ щыІэ Іэмалхэм. Мы Іуэхур яхуэзтеухуэнэ, пхъэнкІий идзыпІэхэм яшэ кІэрыхубжьэрыхуэхэр нэрылъагъуу нэхъ мащІэ хъунущ.

Зытепсэлъыхьа Іуэхум езыхэр зэрепльэр утыку къралъхьащ Щэхуэкіуэхэм я хуитныгъэхэр хъунэмыкІэ щІыхум зэІуэпэщ псэукІэ кьыхуэзгъэпэщыныкІэ я Іэнатіэм кІалъэпІэныгъэ щІегъэкІуэкІыныкІэ федеральнэ кьуплькъущІапІэм и Управленэу КЪР-м щыІэм и унафэщІым и кьуэдзэ Пагуэ Жыраспэн. Прохладнэ районым и архитектор нэхъыщхьэ Добротворский Борис, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органэм я лыкІуэзэм.

ЗэІущІэм хэтахэм кьащтащ КЪР-м и Правительствэм, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органэм яхуэгъэзащ чэнджэщхэр.

БАТЫРЛюбэ,
КЪР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

Хабзэ дахэр зэтраублэж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС.

***Прикубань, Адыгэ-Хьэкъэлэ районхэм я Іэтащхьэхэм лъэпкъ зэпыщІзныгъэмрэ социальнэ-щэнхабзэ зэдзэжьжьыгъэмрэ техуха зэгурыІуэныгъэ зэращыІащ.**

ПРИКУБАНЬ куейм зэгурыІуэныгъэхэр щызэрыщыхьащ, жылагъуэ зэгуХьэныгъэхэм я пашэ хэр, районитІым я нэхъыжьхэм я советым, цІыхубз зэгуХьэныгъэхэм я унафэщІхэр щызэІущІащ.

- Къэрэшей-ШЭрджэсым Кавказым и зэгурыІуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я щІыналъэкІэ йоджэ. Ар кьрикІуащ ди пэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, дыкъызытепщІыкІыжа ди нэхъыжьхэм кьытхуагъэна хабзэр зэрахьумам. ИльэсищэкІэ зыбжанэ хъуауэ зэгъуэгъуэ допсэу, зыщ ди блэкІар, нэхъыщхьэрщи - ди къэкІуэнур ди зэхуэдэщ.

Ди зэкъуэтныгъэр республикэм, къэралым и щыналъэншагъэм и лъабжьэщ, апхуэдэу щыщыткІэ, ди сабийхэм я щыналъэншагъэщ. Республикэм щызэфІоувэж пасэрей хабзэ дахэ хъэщІэ егъэбэлэгъэнэр, зэкъуэшныгъэр. Ар къыщежьар ижьижьыж лъандэрэ хьэщІэм пщІэ хуащІу, я ерыскьымкІэ зэдзэгъашэу, абыхэм я щынагъуэншагъэмкІэ жэуап яхьу къыщекІуэкІ Кавказыщ, - жиІащ КъШР-м щІалэгъуэалэм я ІуэхуэмкІэ, печатымрэ щІыхуэбэ комМуникацэмкІэ и министр Юсуновэ Насыпхъан.

ЩІэрыщІэу трасэж

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и жылагъуэ куэдым къащІэуа псыдзэм и зэранкІэ, гектар 2200-м щІэрыщІэу гъавжэкІэр трасэжьыр хуей хъуащ. ИлъэкІэ партыхурэр сэхуранымрэ хагъэзэгъащ гектар 1815-м.***

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Петров Юрий зэрыжиІамкІэ, щІэрыщІэу трасэжьыр щыкІуэ-булкэхэкІэхэр процент 22-кІэ щыпхэхъ пудщ. Тхьэмахуэ зэхуаку кьэс ирагъэкІуэкІ кьэпщцытэныгъэхэм кьыЗэрагъэлъагъуэмкІэ, яутІыпща уасэхэм зэрыхэхьуэр процент 30-м фІэкІа кьым, ар федеральнэ законодательствэм кьигъэувэхэм йозэгъ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Прохладнэ куей

«Фэеплъ плъыр»

Мэкъуауэгъуэм и 22-м Прохладнэ муниципальнэ куейм и жылагъуэхэм щекІуэкІынущ Хэку зауэшхуэм зэкІуэдахэм папщІэ «Фэеплъ плъыр» зыфІаща Іуэхугъуэхэр.

АР кьызэзыгъэпэщар куей администрацэм щІалэгъуалэмрэ спортымкІэ и къудамэрщ.

Абы и унафэщІ Куценкэ Анатолэ зэрыжиІамкІэ, къуажэхэм щыІэ щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр мы Іуэхум жыджэру хэтынущ.

- Фэеплъ Іуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ щІалэгъуалэр гъэсэныгъэкІэ, - жеІэ Куценкэ Анатолэ. - Я адэжьхэм зэрахьа лІыгъэр ящымыгъупщэнымкІэ, я щІынальэр фІыуэ ялъагъунымкІэ Хэку зауэшхуэр щапхъэ мыкІуэщІыжщ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.



Зыми едаІуэркъым

Дунейм зи Іуэхур щынэхьыжькІэ къэралхэм ящыщу нужь дыдэщ Сомалир.

Жылэ хъунущ абы хабзэ пыухыкІа гуэркэри щызэмыкІуэу икІи а къэралыр зыми и унафэ щІэмыту. Абы и лъэныкъуэкІэ Урысейм и Іуэхур нэхъ ефІэкІуауэ къалытэ. Нэгъабэ ельытауэ ди деж хабзэм хэпщІыкІыу нэхъ пщІэ щыхуащІ хъуащ.

Бий бзаджэ

МацІэхэр кьежьащ. Абыхэм Дагестаным хэщІыныгъэ ин иратащ.

А республикэм и гъавэ щІапІэхэм ящыщу гектар мин 20-м тета хьэсэхэм зыри кьыханакъым. ХьэпІапІэ бзаджэхэр хуабжьу зэран яхуэхъуащ Ингушым и гъавэ щІапІэхэми. МацІэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрми кьэсащ. Ахэр кьытегущІащ Прохладнэ куейм. МацІэр ягъэкІуэдыну щхьэхькІэ елэжьащи, а щІыпІэм кьимыкІыну ущыгугъ хъунущ.

Ахъшэхэм я уасэр

Нью-Йорк и дунейпсо биржэм кьитаухэм ятеощІыхьмэ, американ долларым сом 28-рэ кІэлцІейкІэ 82-рэ, еврэм сом 39-рэ кІэлцІейкІэ 84-рэ я уасэщ.

Зэрытлъагъущи, ахъшэхэм я уасэм зэрызихъуэжа щыІэкъым.

НОБЭ

Ильэсым и махуэ нэхъ щІэныгъэ зэкъуэшныгъэр. Ар къыщежьар ижьижьыж лъандэрэ хьэщІэм пщІэ хуащІу, я ерыскьымкІэ зэдзэгъашэу, абыхэм я щынагъуэншагъэмкІэ жэуап яхьу къыщекІуэкІ Кавказыщ, - жиІащ КъШР-м щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ, печатымрэ щІыхуэбэ коммуникацэмкІэ и министр Юсуновэ Насыпхъан.

ЩІэрыщІэу трасэж

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и жылагъуэ куэдым къащІэуа псыдзэм и зэранкІэ, гектар 2200-м щІэрыщІэу гъавжэкІэр трасэжьыр хуей хъуащ. ИлъэкІэ партыхурэр сэхуранымрэ хагъэзэгъащ гектар 1815-м.***

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Петров Юрий зэрыжиІамкІэ, щІэрыщІэу трасэжьыр щыкІуэ-булкэхэкІэхэр процент 22-кІэ щыпхэхъ пудщ. Тхьэмахуэ зэхуаку кьэс ирагъэкІуэкІ кьэпщцытэныгъэхэм кьыЗэрагъэлъагъуэмкІэ, яутІыпща уасэхэм зэрыхэхьуэр процент 30-м фІэкІа кьым, ар федеральнэ законодательствэм кьигъэувэхэм йозэгъ.

Дунейм пщІэрыщІ

Урысей и МВД-м и кинолог ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я махущ. 1909 гъэм мы махуэм Санкт-Петербург къыщыуІэхауэ щытащ полицейхэм ядэІэпыкъу хьэхэр щагъасэ ІэнатІэ.

Саха Республикэм (Якутие) и льэпкъ гуфІэгъэущ. Ар егъэщІылІащ льэпкъым кьыдекІуэкІ сахэ лІыхъужьыгъэ эпосым.

Найроби (Кение) щекІуэкІынущ ООН-м дыкъэзыІуэхьуреихь дунейр хъумэныкІэ и программэр гъэзэщІэным елэжьхэм я зэІущІэ.

ПІалъэхэр зыхъэхьэхьар ШАЛІМУхьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Пэ зимыІи кІэ зимыІи щыІэкъым.



Урысей Федерацэм и цІыхубз артистхэ, профессор Гъэсашэ Наталье.
Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ *триХащ.*

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2011 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлцІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ респликэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хъярычэт Іуэху мышымрэ хъярычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэжьыныр, абыхэм ядэІэпыкъуныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэныр теухуауэ»
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещІ:**

1. «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хъярычэт Іуэху мышымрэ хъярычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэжьыныр, абыхэм ядэІэпыкъуныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэныр теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и Іуэхукіэ щхьэгъэ.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж гъэхъуэн Іэ щІидзэн икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№684-II-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэІуэва оперативнэ, криминоген щытыкІэм икІи ар егъэфІэкІуэжьин папщІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Правительство сыхьэтым къарал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ Васильев С. В. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ зэфІэкІуэжьин, криминогенныгъэ щытыкІэм, ар егъэфІэкІуэжьин папщІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Арщхьэкіэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щыпІэ щхьэхуэхэм оперативнэ щытыкІэр иджыри гуГуэу къыщонэж.

Хабзэхьыдэ органэхэм къатахэм ятепщІыхьмэ, 2011 гъэм зэрыщІидзэрэ шэ кьыхэрыкІ Іэщэ къагъэсэбэпэрэ, щІэпхъаджагъэу 36-рэ ялэжьащ. Абыхэм хэкІуэдащ хабзэхьыдэ лэжьакІуэхэу 11, щІыху мамырхэу 9, уІэгъэ щыхьащ хабзэхьыдэ лэжьакІуэхэу 14, щІыху мамырхэу 3. А псори лъабжьэ хуэхъуащ республикэм и куей щхьэхуэхэм терроризмым и бий Іуэху эрыратэжІуэкІым и хабзэ щагъэувыным.

А Іуэхур щрагъэкІуэкІащ 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м къыщыщІэдзауэ накъыгъэм и 10-р къэсыху хабзэншагъэкІэ Іэщэкі Іэщ Іуэхуэзда гупхэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм щызекІуэжьащ, криминогенныгъэ щытыкІэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ТЭкІу щофІэкІащ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кІельытэ пыухыкІауэ Іуэху зэфІагъэкІами, республикэм и щІыналъэм щыщІэ оперативнэ, криминогенныгъэ щытыкІэм кІыгъуэ хабзэмрэ ящыгъуэ щынагъуэншагъэмрэ егъэщІылІауэ ягъуэгуэ Іуэхугъуэ пыухыкІауэр зэфІагъэкІын хуейуэ. Нэхъ зытрагъэщІэн хуейр хабзэкіэ къызэпыудыныр къэмыгъэхъуныбжь.

А псомэ тещІыхьауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щызэфІуэва оперативнэ, криминогенныгъэ щытыкІэм икІи ар егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ къэрал кІуэщІ Іуэхугъэмкіэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм жиІахэр кхъпытэн.

2. Къэрал кІуэщІ Іуэхугъэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и лэжьыгъэм, зэрыщыту къапщтэмэ, къэрикІуэхэр мыбейуэ зэрыщытыр кхъыхэгъэбгджьыныкІыж.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ етын:

1) брон зытебэа патруль машинэхэр, бронежилетхэр кхъыэращэхуну мыпытку кьигъуэтыну;

2)Къэрал кІуэщІ Іуэхугъэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэм хагъэхьуэн мурадкІэ Урысей Федерацэм къэрал кІуэщІ Іуэхугъэмкіэ и министерствэм зыхуагъэзэныр кхъыэригъэпэщыну.

4. Къэрал кІуэщІ Іуэхугъэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм, Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм и къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм, Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын:

1) хабзэр кхъыэпаудыныр къэмыгъэхъуным, апхуэдэу террорист, экстремист унэтІныныгъэ зиІэ щІэпхъаджагъэхэр емыгъэлъжьыным, терроризмымрэ экстремизмымрэ я ахъшэ кхъыэкІыпІэхэр зэхуэщІыным егъэщІылІауэ ягъуэгу зэфІагъэкІын хуейхэр зэхалъхэну икІи ахэр пхагъэкІыну;

2) хабзэхьумэхэм я лэжьыгъэр тэмэму жылагъуэм деж нагъэсан мурадкІэ щІэпхъаджагъэхэр кхъмыгъэхъуным, ахэр сэтей кхъыпІыным теухуауэ ешхэм я лэжьакІуэхэм я пщэ кхьідэхуэ кьалэныр хьэлэлу зэрагъэзащІэр щІыхьэ хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ республикэм щыпсэуэр щыгъуазэ ящІыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 26-м
№761-II-П

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къарал граждан Іэнатіэм щыІэ къулыкъухэм я реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ»
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къарал граждан Іэнатіэм щыІэ къулыкъухэм я реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр къэгъэн.

2. Къэдгъэлъэгъуа Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым хуегъэхьын Іэ тридзэн икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 26-м
№765-II-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къарал граждан Іэнатіэм щыІэ къулыкъухэм я реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къыщтащ *2011 гъэм накъыгъэм и 26-м*

1 статья. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къарал граждан Іэнатіэм щыІэ къулыкъухэм я реестру «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къарал къулыкъухэмкіэ» я реестрым икІи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къарал, граждан Іэнатіэм щыІэ къулыкъухэм я реестрым я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №20-Рэ-ур 2007 гъэм накъыгъэм 24-м (Кабардино-Балкарская правда, 2007, №95, 97, 2016 - 2017, Официальная Кабардино-Балкария, 2008, №36-37; 2009, №14, 28; 2010, №9; Кабардино-Балкарская правда, 2010, №96; Официальная Кабардино-Балкария, 2010, №48,51), кьащтам мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн;

1. Мыпхуэдэ псалъэухар щхьэхуэу кхъухэгъэщин: «*** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и зэныгъэкІуэ судыщІэхэм я лэжьыгъэр къыгъэгъэпэщын папщІэ къулыкъ щагъэуваш Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къарал властым и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органым».

2. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къарал властым и гъэзэщІакІуэ органым и къудамэм и унафэщІым и къуэдз 05-1-3-006» псалъэхэм я ужькІэ етхуанэ Іыхьэм и 1-нэ пунктым кхъыщхьхьан «Судым и администратор*** 05-1-3-006.1» псалъэхэр.

2 статья. Мы Законым къару егъуэт кхъыщтрадза махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Ареен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№56-РЗ

«Административнэ хабзэр кхъэзэпызыудэм егъэщІылІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ»
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещІ:**

1. «Административнэ хабзэр кхъэзэпызыудэм егъэщІылІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр къэгъэн.

2. Къэдгъэлъэгъуа Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым хуегъэхьын Іэ тридзэн икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 26-м
№771-II-П

Административнэ хабзэкэр кхъэзэпызыудэм егъэщІылІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ *2011 гъэм накъыгъэм и 26-м*

1 статья. Административнэ хабзэхэр кхъэзэпызыудэхэм егъэщІылІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кодекс №66-РЗ-ур 2003 гъэм бауэгъуэм и 22-м кьыдэІэпыкІуэ (Кабардино-Балкарская правда, 2003, №173 - 176, 252 - 253; 2004, №279, 329 - 321 ; 2005, №22, 151; 2006, №32, 53 - 54, 153, 177 - 178; 2007, №78 - 79, 125 - 129, 185 - 188, 342 - 344, 351 - 353, 378 - 379; Официальная Кабардино-Балкария, 2008 №20, 36 - 37, 38, 39 - 41, 56, 65 - 66; 2009, №3-4, 25, 26, 34, 49; 2010, №1, 9, 18 - 48; 2011, №4, 11, 20) мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 5-нэ Іыхьэм 5.47-1-нэ, 5.47-2-нэ статьяхэр щІыгъуэкІи мыпхуэдэхэр кхъыщыгъэлъэгъуауэ:

«5.47-1 статья. Псомэ я зэхуэдэ цІыху кьеІэшэкІ транспорту (автобусу, троллейбусу) кьалэ кІуэщІ щызекІуэм е кьалэхэмрэ я зэпызыщІэм и Іэмэпсымэхэр, тІысыпІэхэр кхъыэрагъэсбэп хабзэр кхъыэпыудыныр.

Псомэ я зэхуэдэ транспорту (автобусу, троллейбусу) кьалэ кІуэщІ щызекІуэм е кьалэхэмрэ жылагъуэхэмрэ зэпызыщІэм я бжэхэр кхъыэрызэІуах. Іэмэпсымэхэр кьалагъуэхэмрэ зэпызыщІэм и Іэмэпсымэхэр, тІысыпІэхэр кхъыэрагъэсбэп хабзэр кхъыэпыудыныр.

Псомэ я зэхуэдэ транспорту (автобусу, троллейбусу) кьалэ кІуэщІ щызекІуэм е кьалэхэмрэ жылагъуэхэмрэ зэпызыщІэм я бжэхэр кхъыэрызэІуах Іэмэпсымэхэр кьалагъуэхэмрэ зэпызыщІэм и Іэмэпсымэхэр, тІысыпІэхэр кхъыэрагъэсбэп хабзэр кхъыэпыудыныр, бжэхэр зэхуэщІыным е кхъыэІуахыным зэран хуэхъуным, ар насыпыншагъэ Іуэхугъэр кхэмыгъэхъуным пымыщІамэ, маршрут таксичэм кхищынэмыщІа, транспортыр зезыгъакІуэм и кабинэм нэгъуэщІ щІыхуэхэр исынымкІэ кьешІэр административнэ кхъэдыуэ соми 100 тралъхьэныр.

2. Псомэ я зэхуэдэ транспорту (автобусу, троллейбусу) кьалэ кІуэщІ щызекІуэм е кьалэхэмрэ кхъуажэхэмрэ зэпызыщІэм я тІысыпІэхэр зыхуаха мурадкІэ кхэмыгъэсбэнымкІ кьешІэ - ар кхъэремызэгъэр жраІэныр е административнэ кхъудыуэ соми 100 тралъхьэныр

5.47-2 статья. Псомэ я зэхуэдэ цІыху кьезыщэкІ транспорту (автобусу, троллейбусу) кьалэ кІуэщІм щызекІуэ е кьалэхэмрэ кхъажэхэмрэ зэпызыщІэм цІыхухэр зыуфІей щыгъын ящыгъыу щызекІуэныр, фІей зыщІ хьэпшыпхэр абыкІэ щызэрашэнныр.

Псомэ я зэхуэдэ цІыху кьезыщэкІ транспорту (автобусу, троллейбусу) кьалэ кІуэщІм щызекІуэ е кьалэхэмрэ кхъажэхэмрэ зэпызыщІэм цІыхухэр зыуфІей щыгъын ящыгъыу щызекІуэныр, фІей зыщІ хьэпшыпхэр абыкІэ щызэрашэнныр.

Псомэ я зэхуэдэ цІыху кьезыщэкІ транспорту (автобусу, троллейбусу) кьалэ кІуэщІм щызекІуэм е кьалэхэмрэ кхъажэхэмрэ зэпызыщІэм я тІысыпІэхэр зыхуаха мурадкІэ кхэмыгъэсбэнымкІ кьешІэ - ар кхъэремызэгъэр жраІэныр е административнэ кхъудыуэ соми 100 тралъхьэныр.

1. І-нэ статьям и 15-нэ Іыхьэм и 8.2-нэ пунктым «5.45-5.47» бжыгъэхэр «5.45-5.47-2» бжыгъэхэмкІэ щызэхъуэкІын.

3. І-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и 8.3-нэ пунктым «5.45-5.47» бжыгъэхэр «5.45-5.47-2» бжыгъэхэмкІэ щызэхъуэкІын.

2 статья. Мы Законым къару егъуэт кхытрадза ижь махуипщІ нэхъ дэмыкІыу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Ареен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№55-РЗ

Мэкъуауэгъуэм и 17-м КъБР-м Щэнхабзэмкіэ фондым щагъэлъэпІащ «Налшык-НОТР» телекомпанием лэжьакІуэхэм я Іуэхугъэ

ЗЭХЫХЬЭ гуапэр «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакІуэхэм кхыэзІуахащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Гертер Иван** «Налшык-НОТР» телекомпанием и лэжьакІуэхэм я гуащІэм мыхьэнэщхуэ зэриІэр, абы ягъэхьэзыр нэтынхэмкІэ хьыбарыщІэхэмрэ кхъэхьыкъащІэхэмрэ республикэм и цІыху мин бжыгъэкэр зэрызыщагъэгъуэгъэ кхъыигъэщІэ нэужь, узынщагъэ, екъуІэнныгъэ, гуфІэгъуэ яІэну екъуэхъуэхэр, лэжьакІуэ нэхъыфІхэм республикэм и Правительствэм и щІыхь тхылъымкІэ яхуэупсащ.

КъыкІэлъыкІуэу гупым екъуэхъуащ, КъБР-м и Парламентым и щІыхь тхылъхэр тыгъэ яхуищІащ КъБР-м и Парламентым щалэзгъаналэ Іуэхугъэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэІэжьэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Хъэщхъажь Татьянэ.**

Апхуэдэу КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Карчаевэ Аминэ,** КъБР-м щІалэгъуалэ Іуэхугъэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Пащты Борис**, ЖФСИН-м и республикэ къудамэм и унафэщІ полковник **Федоров Василий,** КъБР-м щэнхабзэм и лэжьакІуэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Дау Марьянэ** сымэ «Налшык-НОТР» Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэхэм гуапэу екъуэхъуащ, зи лэжьыгъэм ильэс зыбжанэ хъуауэ гу кьабзэкІэ пэрыт журналист, оператор, режиссер жыдзэрэм зи лІыкІуэ Іуэхущ Іапіэхэм я щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр иратащ.

ЗэІущІэм щихрихьэІат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу **Абрэдж Іэдибэ Ерчэн Темболэтрэ**, ДАХ-м и президент Ажахуэу Къанщобий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщіэ Мухьэмэд**, Жылагъуэ палатэм и унафэщІ **Тау Пщыкъан,** «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и унафэщІ **Къумахуэ Мухьэдин,** «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВГТРК-м и гуащэ Къэзанш Іудмилэ сымэ, нэгъэщІэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Гъуаздж э

Илъэс 15-р дагъэлъапІэ

Урысей Федерацэм и щІыхэр хэхуэнчу гъэсэныкІэ 2011 - 2015 гъэхэм тещІыхьа программэм ишІ ятІкІэ, КъБР-м щыІэ МВД-мрэ республикэм Етъуэджныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІащ Хэку заушхуэм и лІыхъужьхэм ятеуухуа тхыгъэхэмкІэ щколакІуэхэм я зэпеуэ. Ветеранхэр зыхъуэ комиссэр щыбжьыщІэхэм я гъэкъыгъэ 200-м хэпІэри нэхъыфІхэр кхъыахащ. Зэпеуэм щытекІуаэхэр МВД-м ирагъэблагъащ.

КЪЭРАЛ кІуэщІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и полковник Васильев Сергей хэкум и тхыдэм, абы и лІыхъужьыгъэ блэкІам дихьэх, а ворыт зыфІбгъэщІэгъэуэн ныбжьыщІэхэм фІыщІэ яхуищІ. Ди лъахэгъуэм, адэхэм, адэщхуэхэм зэрахьа лІыгъэр кхъралыгъуэм и тхыдэм дыщэхьрфхэмкІэ зэрыхатхари кхъыигъащащ.

Министрыр зэпеуэм щытекІуаэхэм ехъулІэныгъэхэр еджэныгъэм щыыІэрагъэхьэну зэригуапэр яжриІри, дэтхэнэми сацутэхэр яратащ.

ТекІуаэхэм ящыщІ Нашык къалэ дэт курыт еджапІэ №9-м и щколакІуэ Хьэчий Англинэ, ПащІэ Лианэ (№4-м), Сэрмакъ дэт курыт еджапІэм щыщ Гуэнгъэщ Марьянэ, Прохладнэ дэт гимназие №6-м щеджэ Киселев Олег сымэ.

«Си къэшІуэр зауэм и лІыхъужьщ» фІэщыгъэр зиІэ тхыгъэхэр зыгъэхьэзырахэм я деж щытекІуаэ Лэскэн куейм хьихьэ Уэрэдж къуажэм и щколакІуэ ДыщэкІ Дисанэ.

АЛЪХЪЭС Къазбэч.

●КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Къащыгугъхэм папщІэ

Къэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и полковник Васильев Сергей щыІащ Налшык дэт Лъы щат республикэ станцым.

АПХУЭДЭХЭМ деж Іэмал имыІэу ирагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм и ужькІэ лъы щыхаш пэшым щІыхьэну министрыр хуит ящІащ (фэепль-сурэтым). Абы и щапхъэм ирикІуащ полицей 150-м щІитъу.

Апхуэдиз цІыху кхъуэкІуауэ куэд щІыгъуэ илъэсыгъуэтэкъым станцым и дохутыр нэхъыщхьэ ЛъэнкІэпІащэ Руслан.

- ФІыщІэ хуэдощ КъБР-м щыІэ МВД-м, хэхауэ министр Васильев Сергей, республикэм и сымаджэщхэр, абы сабий Іуэхущ Іапіэхэри хьихьэу, зыхуэныкъуэ лъыр апхуэдиз цІыхум зэуэ ятыну кхъыэзыгъэпэщам, - кхъихгъэщащ абы. - Зи къаруилъыгъуэ щІалэ гупышхуэ сымаджэхэм зыщІагъэкъуэну дэрэжэгъуэ яІэу кхъытхуэкІуэным нэхъыфІ сыт щыІэ?!

Я лэжьыгъэр нэсу кхъыэрызэгъэпэщам папщІэ станцым и унафэщІхэм миністрым фІыщІэ яхуищІащ, хуэныкъуэхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ полицейхэм иджыри мызэу кхъыэрытрагъэзэнур и фІэщ зэрыхъури жиІащ.

А махуэ дыдэм Васильев Сергей щыІащ КъБР-м и узынщагъэм щеІэзэ и Іуэхущ Іапіэхэм ящыщ зым и реанимацэ къудамэм, уІэгъэ хъэлъэ хъуа я лэжьакІуэ зыщІэлъэлъым.

Къэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

●Шэрэдж куей

Жэщ-махуэм литрищэ къаІэрохьэ

«АПК-м зегъэужьын» федеральнэ лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, «Шэрэдж районым мыгувэу бжэн гъэшыфІэхэм я фермэ къыщыізэрагъэпэщынущ. А Іэнатіэр фокІадэ маззм зэтраублэну я мурадщ. Ар зэрагъэхьулІэма, бжэну мониитІ щаІыгъыну «Шэрэдж-1» ООО фермэм щІыху 50-м лэжьыгъэ щагъуэтынущ. Зэрахэунэр гъэшыфІэ дыдэхэм хуэдэщ. Мы зэманым бжэн 200 яІэщІ, 60-м нэблагъэр Іэ щаІ.

- Иджыпсту жэщ-махуэм литрищэ къыІэрохьэ. Лэжьыгъэр тэмэму зэтедухуэмэ, дэтхэнэми хуэзэу илъэсым тоннрэ ныкъуэрэ кхъидитынущ. Езыхэр зехьэгъэфІафІу, куэди текІуаэдэркъым. Зэрызыдуужьым елъытауэ, я бжыгъэм хэдгъэхъуэну, гъэшым дыщелъэжьыну цех кхъызІытхыну ди мурадщ, - жеІэ фермэм и унафэщІ Башиев Мурадин.

Куейм и Іуэхыгъуэхэм кхъызэралъытэмкІэ, бжэнышэм щІэупщІэшхуэ иІэнущ, абы и фІыгъэкІэ республикэм а Іэнатіэм зыщижьынущ.

Гу зылъытапхъэ: Бжэнышэр уэзфэ куэдым я хущхъуэщ. Псом хэмыдзэу зи лъатэр кхъызэхэзэм, зи лъыр мащІэхэм, фІыуэ зымылъагъуэхэм, уз гъэтІылъа зиІэхэм я дежкІэ хуабжьу сэбэнщ, сабий быдзафэхэм я шхыныгъуэ берычэтщ. Абы куэду хэлъщ Іэпкълъэпкъыр уз зэрыцІалэхэм щызыхьумэ, лъыр тэмэму зезыгъакІуэ аминокислотхэр.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

ІэнатІэм фэбжь хамыхыц

2009 гъэм и щІышлэп мазэм щащтащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэр щыхьумэным и Іуэхукіэ» законыщІэр. Абы и 6-нэ статьям щыгъэбелджылащ къэрал властым и отраслевой гъэзэщІакІуэ ІэнатІэхэм я пщэрылъхэр. Абыхэм тедгъэпсэльыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Голочалов Николай.

- «Лэжьыгъэр хъумэн» псалъэхэм нэхъыщхьэу хэлъхэмрэ ахэр зэрызэкІэлъагъакІуэ пщалъ-правовой актхэр зыхуэзэмкІэ ди псалъэмакъыр къыщыдзамэ сфІэжьабылт, Николай.

- Лэжьыгъэр хъумэным кхъызэщІеубыдэ ІэнатІэ Іутхэм я гъащІэмрэ я зэпишагъэмрэ хуэсакъынхэр, фэбжьхэм ящыхьумэныр, мыхьэнэшхуэ зиІэ я Іуэхур щыІэ хабзэхэм тету егъэжІуэкІынныр. Ахэр кхъызэрагъэпэщ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я конституцэхэм, УФ-м Лжьыгъэмкіэ и кодексыр, «КъБР-м лэжьыгъэр щыхьумэным и Іуэхугъэ» законныр я лъабжьэу. УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и кодексым и 212-нэ статьям ипкъ иткІэ, ди министерствэм и пщэрылъхэм хохьэ лэжьыгъэр хьумэным теухуа къэрал политикэр гъэзэщІэныр, а Іуэхур ди щыналъэм щыиэтІыныр, ІэнатІэхэм ящыгъуэ щагъэфІэкІуэным, щыхуэхэм я узынщагъэм зэрыхуэсакъыпхъэм тещІыхьа республикэ программэхэмрэ планхэмрэ гъэхъэзырыныр, организацэхэм я унафэщІхэр, Іэщ Іагъэлъ Іэр, хьэрычэтыщІэхэр цІыхуэхэр фэбжьхьэм зэрыщІахьэмэ щІыкІэм хуегъэджэныр, ІэнатІэхэр зыхуэдгъэкъэрал экспертизэ щІыныр.

- Абыхэм я зыпыкъуэкІэ сытхэм фыкъэсрэ?

- Ятпэрауэ, лэжьыгъэр хьумэныр кхъызэрызэрагъэпэщ щыкІэр республикэм щызэтедухуэщ. А Іуэхум отраслевой министерствэхэр, кІэлыплъ Іакіуэ-къэпщытакІуэ, щыІэ Іуэхур зезыгъакІуэ ІэнатІэхэр, организацэ псори хэтщащ. Абыхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІури зыуэнтІри дэращ. Мы зэманым 2009 - 2011 гъэхэм зэфІэдгъэкІынуэхэм текъуауэ дыубзыхуахэр догъэзащІэ.

- Фи министерствэм Къэрал экспертизэмкІэ и Іэщ Іагъэлъхэм я Іуэхущ Іафэм и гугъуэ дгъэщІынут

- Абыхэм я къалэнхэм щыщщ ІэнатІэхэр аттестацэ зэращІыр, лэ жьыгъэ гугъуэхэр, щыиагъуэ зыпылъхэр зыгъэзащІэхэм я улахуэр зыхуэдэр къэпщытэныр, фэбжьхэр зэрыщІэхэмрэ кхъызыхэкІыр кхъхутэныр. Къапщтэмэ, нэгъабэ экспертизэ эмылІэ уажьыгъуэу 288-рэ, мы гъэм и яп мазищым 51-рэ ирагъэкІуэжащ.

- Лэжьыгъэр хъумэныкІэ Іуэхущ Іапіэхэм эдэай республикэ комиссэм сыт хуэдэ кьалэнхэр игъэзащІэрэ, Николай?

- Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм и Унафэкіэ ар 1996 гъэм кхъызэрагъэпэщащуэ щытащ. Абы хэтщ Парламентым, отраслевой министерствэхэм, кІэлыплъ Іакіуэ-къэпщытакІуэ ІэнатІэхэм, УФ-м Социальнэ страховэнэмкІэ и фондым и щІыналъэкъудамэм, промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэм, профсоюзхэм я лІыкІуэхэр. Комиссэм и зэІущІэхэм лэжьакІуэм и хуитныгъэхэм, ІэнатІэм Іут щыхуэхэр фэбжьхэм ящыхьумэным теухуа гъэтІылъыпІэ зимыІэ Іуэхугъуэхэр щызэпкърах икІи зытепсэлъыхьхэр унафэкІэ кхъащтэ.

- Лэжьапіэ ІэнатІэхэр аттестацэ зэращІым сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэ икІи ар республикэм щезыгъэкІуэкІыну хуитыр дэтхэнэ Іуэхущ Іапіэхэра?

- Ар хуэгъэзащ ІэнатІэ гугъуэхэм, щынагъуэ зыпылъхэм я щыкІэр зэхэхуГэнэ, лэжьыгъэр хьумэныкІэ къэрал пщалъэхэм хуэгъэкІуэным. Апхуэдэу сертификат зиІэ Іэмэпсымэхэмкіэ, щыгъынэмкіэ кхъызэгъэпэщыныр, цІыхухэм я узынщагъэмрэ я гъащІэмрэ хьумэныр, ІэнатІэ гугъуэхэм, щыиагъуэ зыпылъхэм Іутхэм хуэфащэ гульытэ хуэщІыныр, нэгъуэщІхэри. Нэгъабэ цІыху 8372-рэ щылажьэ Іуэхущ Іапіэ 249-м я ІэнатІэ 5542-м аттестацэ щрагъэхдэІуэжащ, абыхэм кхъяриІкІуэм ипкъ иткІэ тхыгъэ 133-рэ яІэхьэзыращ. Лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ аттестацэ зэщІу мы зэкІэ республикэм щыІэр «Стандарт» щІэныгъэ-производственнэ центр» ООО-м и закъыщІ.

- Отраслевой министерствэхэм, Іуэхущ Іапіэхэм, кІэлыплъ Іакіуэ-къэпщытакІуэ, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэхэм, профсоюзхэм я лІыкІуэхэм зэгъусэу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм сытхэр кьрикІуэрэ, Николай?

- Республикэм и организацэхэм лэжьыгъэр зэрещащхьуэ щыкІэр ягъэзащІэнымрэ зэрыщІэхьэ ІэнатІэ Іутхэм я щІыналъэм щыІэ лэжьакІуэхэм я гуащІэ зэрыщІэхьэ щІыкІэм хуэгъэгъэнымрэ, ІэнатІэ Іутхэм я щІыналъэм щыІэ лэжьакІуэхэм я гуащІэм и щІыкІэ зэрыщІэхьэ щІыкІэм хуэгъэгъэнымрэ гъэзэщІакІуэ органым».

2. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къарал властым и гъэзэщІакІуэ органым и къудамэм и унафэщІым и къуэдз 05-1-3-006» псалъэхэм я ужькІэ етхуанэ Іыхьэм и 1-нэ пунктым кхъыщхьхьан «Судым и администратор*** 05-1-3-006.1» псалъэхэр.

2 статья. Мы Законым къару егъуэт кхъыщтрадза махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Ареен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№56-РЗ

«Административнэ хабзэкэр кхъэзэпызыудэм егъэщІылІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ»
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещІ:**

1. «Административнэ хабзэкэр кхъэзэпызыудэм егъэщІылІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр къэгъэн.

2. Къэдгъэлъэгъуа Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым хуегъэхьын Іэ тридзэн икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кхъыщащта махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 26-м
№771-II-П

●Ди псэлъэгъуэр

- Республикэм и организацэхэм лэжьыгъэр зэрещащхьуэ щыкІэр ягъэзащІэнымрэ зэрыщІэхьэ ІэнатІэ Іутхэм я щІыналъэм щыІэ лэжьакІуэхэм я гуащІэ зэрыщІэхьэ щІыкІэм хуэгъэгъэнымрэ, ІэнатІэ Іутхэм я щІыналъэм щыІэ лэжьакІуэхэм я гуащІэм и щІыкІэ зэрыщ

Апхуэдэщ Бекъалды Илэ

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Бекъалды Илэ 1936 гъэм нэхъыбэуэгъуэм и 20-м Псыгуэнэсу къуажэм къыщыдахуащ. Ауэ щыпсыжьэрэ щыпсэури Бахъсэнщ. Итъэс щы ныкъуэм щигъуаеу Илэ щэнхабзэм и лэжьакIуэщ. 1961 гъэм абы лэжьэн щыщIидзащ Бахъсэн дзет щыхубз театрым. ЗэфIэкI зэрыбгъэдэлъхьат гу къыдэлъатэрэ, и щIэныгъэм хигъэхъуэну Гъуэзджэкмэ Москва дэт къэрал институтым 1963 гъэм ягъакIуэ.

ЕДЖАПIЭМ щыщыIа зэманхэр игу къинэжкIыжу Бекъалдым жеIэ:

- Сэ сыщеджа театрым и режиссёр факультетым къыщызэрагъэпэщат агитбригадэ. Абы лъэпкъ куэдым щыщхэр дыхэтт: адыгэхэри, балъкъэрхэри, осетинхэри, урысхэри, нэгъуэщIхэри. Ди гупым кьаIэн тщащат Москва и Гъуэнгъу щыIэ дзэ часть гъэрим дыдэлэжьэну. Дгъэхьэзыра лэжьигъэ хэр абыхэм я деж дыкIуэурэ щыдгъэпсаныгъуэрт. Апхуэдэу, зы махуэ гъэрым утыкум сыкъэнихьа нэужь, пэшым щIэс сэлэтхэм сеупщIащ си лъахэгъу яхэтрэ яхэмытрэ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым икIа частым щымаIэу къыщIэкIащ. Ауэ, абы щхьэкIэ къэзмыгъанэу, сэ къызэхуэсахэм сакъыхуеджат ЩоджэнщыкIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм щыщ пычыгъуэм. Тхыгъэр зытеухуар кьагурымыIуа пэтми, абы щыгъуэ Iэгуаеу схуэIэтар си гум ихужьыркъым. А махуэм щыщIэдзаеу сыт хуэдэ утыку сихьэми, ди республикэм гъэзджэмрэ щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкъэхэм нэгъуэщIхэр щыгъуазэ зэрысщыным яужь ситащ, - жеIэ Илэ.

Апхуэдэ-уэрэ студентыгъуэр блэкIри, Бекъалдым Къэбэрдейм къигъэзэжащ. Бахъсэн дзэм. Абы щыгъуэ щIыхубэ театрым и адыгэ къудамэр кьызэрыгъэпэщ ари Илэт. Абы игъэувауэ щыта щ «Кьанщобийрэ Гуащэгъагъэ», «Мадинэ», «ЗэгъэнэгъуитI» спектаклхэр.

Бекъалдым и гуащIэ куэд ирихьэлIащ щыхуэхэр щэнхабзэм дегъэзхьэхыным. Ар илъэс куэдкIэ лэжьащ Бахъсэн районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIу, щыхубэ театрым и режиссёру, итIанэ районым и кинотеатрым и тхьэмадэу.

Илэ и лэжьыгъэ гъэугъанэм куэд щилъэгъащ, щыIпIэ зэхуэмыдэхэм щыIащ, зэ хьихьэ гъэщIэгъэнэхэм ягъэкIуащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, КъБР-м и лIыкIуэу ар зыхэта союзпсо щэныгъэ конференцыр. Москва Кремлым щекIуэкIауэ щыта зэзыщIэм Илэ къыщыпсэлъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ самодеятельнэ театрым зэрызыщиужьым теухуауэ.

Бекъалдым щэнхабзэм и дунейм хишахэм ящыщ куэд щэрыIуэ хъуащ. Апхуэдэхэущ, псалъэм папщIэ, Щоджэнщыкlу Алий и щIэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым щыпхъащ Мэшыкъуэ Феня, Кlэмыргуей Валентин, Шыбзыхьуэ Басир, уэрэджыIакIуэ Тут Заур сымэ.

Илэ пенсэ кIуа пэтми, Iэхъуншэу щысскьым. Лъжьыгъэмрэ зауэмрэ, хабзэхьумэ Iэнатlэхэм я веэранхэм я район, къаза зэгухьэныгъэм и пресс-IухуащIапIэм и унафэщIу.

Илэ игъэуващ спектакль 12, абы и кьалэмыпсэм къыщIэкIащ очеркхэр, щыхуэ щэрыIуэхэм ятеухуа тхыльхэ щхьэхуэхэр. Нобэр кьызэдсым республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ и тхыгъэхэр къыт оху. - «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Горянка», «Советская молодёжь», «Баксанский вестник», «Баксан» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Архивы и общество» журналхэм Бекъалдым и газетхэмрэ журналхэмрэ 200-м щIигъу традзащ. Апхуэдэуи абы къыдигъэкIащ тхыльхэ зыбжанэ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэу Къуулькъужьи Ищхьэрэ щыщ Гъуэ зэкъуэшхэм яхуитха «Их было шестеро», щыхубэ уэрэджыIакIуэ Къуныкъ Хьэждал щытепсэлъихь «Любимый голос народа», Ерчэнхэ Леонидэр Кэзимэрэ ятеуха «Творившие радость», Кьардэн Хьэсэн теуха «Фронтовик-композитор», нэгъуэщIхэри.

Мы махуэхэм си ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикIуа Бекъалды Илэ дохьуэжьу и гухьдэкIэм и гуащIэми кIэримычу куэдрэ псэуну.

БАЦЭ ФатIимэ.



Лагъуэрэ Накъэрэ.
Сурэтыр Хьэпшт Хьисэ ейщ.

Кавказ Къухьэпlэ дахащэм и адыгэ лъагъуэжьхэм ирикIуэныр фIыуэ зыльагъуэхэм ди гъуэгуанэм пидощ.

●Адыгэ лъагъуэжьхэр

Къущхьэ зэIухуэпхъ

ЩIАЛЭХЭР плIы до хьу. Бышэн Хьэбасэр сэрэ, Асльэнрэ Амиррэ (мы тIур школакIуэ ныбжьыщIэхэщ), Мейкъуапэ ящхьэкIэ щыIэ бгыщхьэ кьу ажэ Гъуаэзэрыпльэ дыкъыIукIа яужь, гупыр Щхьэгуащэ псыхъуэ бгъуфIэм дыкъыдэкIри, кьухьэпIэ льэнэкъуэмкIэ кьежэж Хьэжхъуэфэпс иригъэщIа кьуэ бгъунжьым дыдыхьащ.

А махуэм псы кьуэпсхэр кьыщежьэ щыIапIэхэм дынэсын ди гупьа щхьэкIэ, хьэпсыщыпI куэд зэрыпIыгъым кьыхэкIкIэ, ар кьыдэхъуIакъым. Апхуэдэу щыхуэм, зи курыкупсэм псыежэх цыкIу зыдэт, гъуэгуащхэм мэз ныкъуэ ящIыкIыкIу къагъэна кьуэладжэ куум нэху дыкьыщежкIащ.

КьыкIэлъыкIуэ пщыдэжьыжьым гъуэгум дыкъыхтехьэжри, сэнтхкэ псэльагъуэм дыщэжкIащ. Абдеж зи Iуфлъагъуэр тельыджащэ щыIапI «эзлъыIуха» гуэр дыкъихутащ. Ащыуэ «Уэздыгъей закъуэм» и гуэлкIэ зэдзкэ псы хьурей даХэр зэрыт «Партизан хуейр».

А щыIапIэр тельыджащэ: мэз, Iуащхьэ гъунэгъуэхэм кьищыынэмыщIа, абыхэм я щыбагъ кьыдэт бгыхэри, абы адкIэжкIэ жьыжьэу кьыщыт уэсыльэ кьурш тхыщIэжьэри зы тепльэгъуэу зы щIыпIэм щыIэзэхэтщ. Абы нэмыщIкIи хуейм уэздитым больагъу укъыз эрырикIуа гъуэгури, ар зыбгъурыкIейри, абы нэмыщI мэз Iувым щIигъэна кьуэладжэ бгъунж зыбжанэми я кьежьыпIэ щхьэгъуэхэр «кьущхьэ зэIухуэпхъ» жьыхуиIэм хуэдэу мы щыIпIэм зэрыщыIэзэрихьэлIэжьыр.

Бзыкьыз дыIуха псыхъэрейм и Iагъуэблагъэ Iэшэрэ удэзыхьэхт. Жыг зэрымыт щыр удз зэмыфэгъубэхэм щIагъэнат. ЩIыуэпсыр зыджжэм кьыззрагъуакIэ, Iуфнэгъу дыкьыдзыхуэхьуа Лагъэнакъэ бгыщхьэ Тафэм къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэу миным щигъу ущрохьэIэ. Абыхэм яхэтщ цыхуэм и дежкIэ сэбэнынагъ ин зыхэлъхэри: бжьэм фо кьыззыпахъхэр, шхынэхэлъхьэ-хущхьэуэхьэхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Абы нэмыщI, Кавказ шытхышхуэм и льэныкъуитIыжкIи кьыдаху Iэщым и дежкIэ бгыщхьэ хьупIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Кьущхьэхьэм» хуэдэщ.

ГъэщIэгъэнэщ иKи кьыхэгъэщыпхъэщ мыбы щыIапIэгъу удз лIэужьыгъуи-120-р бгыщхьэ щыIапIэхэм фIэкIа кьызэрыщымыкIыр. Иkи Фыштэ, Уэштенэ Iуащхьэхэм я бгы зэкъэгъэзыжьыгъуэм уащрохьэлIэ дуней псом нэгъэщIэ зыщыIпIи узыщхуэмызэ удзхэм.

Махуэр уэфIу ирихьэлIат. Иkи мы хуей дахэм ящ я зэкIуэгъуэми хуэгъэу дыззэIэпишат. Дыкьыззрихьэххэу, мы щыIпIэм ехьуэпса, си ныбжьэгъуэр, псы хьурейм, и адрей льэныкъуэмкIэ екIуэлажэу кьыщыIт.

Абы хэту, дэнэкIэ кьикIами кьыдгурымыIуэща нэгъэущ зыгъэпсэхуакIуэхэри зи псыIу дыщепсыхь гуэлым кьежьалIэу щIадзащ. Ауэ псым хьихьэу щытлъагъуэм, абы я ужькIэ дэ дыпхуэзтелыгъэжьынт?

Гъэ эу дызыте хьэжам куэд дэмыкIыу льэныкъуэкIэ дыIуишу гу щыIыттэм, дыкьызэщIэуфыщIэкIри зыкъэптIылъхьащ: «Партизан хуейм» кьыпекIуэжкI мэз гуэргум и бгъэмкIэ льагъуэ гъэпщкIуа гуэр иIэт, - жыгэжм набдзэгубдзапльэу уахэмыплъэмэ яхомыдыгагъуэу.

Дзыхь дымышIыщэу, абы щабэрыкIуэу дрикIуэн щIэдзащ, иkIи дыхущIегъуэжакым: куэд дэмыкIыу дэ кьэтльагъуащ «Хы мывэ» кьырыIуэ тхыцIэм и сэмэгу льэныкъуэм дыззрыхуишэм. Дэри арат дызыхуейхэр.

Льагъуэм зы кьуэ щыкIуи дыдишауэ, дэри дезэшауэ, егъэзэкъыпIэ гуэр дыщхьэщишащ. Жыгишхуэхэм дапхырыпльрэ деплъыхмэ, ад-дэ жыжьэу кIей кIуэщым жыг зэрымыт, удз кIырым зэщIищта щIы нэщIыщхуэ кьэтльагъуащ, и нэхым кьурщыпс гуэр щыкIу щежьэхуу.

Къуэм дыдэплъэмэ, дольагъу псы Iуфэм и Iуфэльафэмэ, хуейм кьыбгъэдэт уэздыгъей абрагъуэхэм я льабжьэми щыхуэхэр зэрыщыкъуэдыр.

Льагъуэм зы кьуэ щыкIуи дыдишауэ, дэри дезэшауэ, егъэзэкъыпIэ гуэр дыщхьэщишащ. Жыгишхуэхэм дапхырыпльрэ деплъыхмэ, ад-дэ жыжьэу кIей кIуэщым жыг зэрымыт, удз кIырым зэщIищта щIы нэщIыщхуэ кьэтльагъуащ, и нэхым кьурщыпс гуэр щыкIу щежьэхуу.

Льэпкъэм щыIэ псыхъэрейм и Iагъуэблагъэ Iэшэрэ удэзыхьэхт. Жыг зэрымыт щыр удз зэмыфэгъубэхэм щIагъэнат. ЩIыуэпсыр зыджжэм кьыззрагъуакIэ, Iуфнэгъу дыкьыдзыхуэхьуа Лагъэнакъэ бгыщхьэ Тафэм къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэу миным щигъу ущрохьэIэ. Абыхэм яхэтщ цыхуэм и дежкIэ сэбэнынагъ ин зыхэлъхэри: бжьэм фо кьыззыпахъхэр, шхынэхэлъхьэ-хущхьэуэхьэхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Абы нэмыщI, Кавказ шытхышхуэм и льэныкъуитIыжкIи кьыдаху Iэщым и дежкIэ бгыщхьэ хьупIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Кьущхьэхьэм» хуэдэщ.

ГъэщIэгъэнэщ иKи кьыхэгъэщыпхъэщ мыбы щыIапIэгъу удз лIэужьыгъуи-120-р бгыщхьэ щыIапIэхэм фIэкIа кьызэрыщымыкIыр. Иkи Фыштэ, Уэштенэ Iуащхьэхэм я бгы зэкъэгъэзыжьыгъуэм уащрохьэлIэ дуней псом нэгъэщIэ зыщыIпIи узыщхуэмызэ удзхэм.

Махуэр уэфIу ирихьэлIат. Иkи мы хуей дахэм ящ я зэкIуэгъуэми хуэгъэу дыззэIэпишат. Дыкьыззрихьэххэу, мы щыIпIэм ехьуэпса, си ныбжьэгъуэр, псы хьурейм, и адрей льэныкъуэмкIэ екIуэлажэу кьыщыIт.

Абы хэту, дэнэкIэ кьикIами кьыдгурымыIуэща нэгъэущ зыгъэпсэхуакIуэхэри зи псыIу дыщепсыхь гуэлым кьежьалIэу щIадзащ. Ауэ псым хьихьэу щытлъагъуэм, абы я ужькIэ дэ дыпхуэзтелыгъэжьынт?

Гъэ эу дызыте хьэжам куэд дэмыкIыу льэныкъуэкIэ дыIуишу гу щыIыттэм, дыкьызэщIэуфыщIэкIри зыкъэптIылъхьащ: «Партизан хуейм» кьыпекIуэжкI мэз гуэргум и бгъэмкIэ льагъуэ гъэпщкIуа гуэр иIэт, - жыгэжм набдзэгубдзапльэу уахэмыплъэмэ яхомыдыгагъуэу.

Дзыхь дымышIыщэу, абы щабэрыкIуэу дрикIуэн щIэдзащ, иkIи дыхущIегъуэжакым: куэд дэмыкIыу дэ кьэтльагъуащ «Хы мывэ» кьырыIуэ тхыцIэм и сэмэгу льэныкъуэм дыззрыхуишэм. Дэри арат дызыхуейхэр.

Льагъуэм зы кьуэ щыкIуи дыдишауэ, дэри дезэшауэ, егъэзэкъыпIэ гуэр дыщхьэщишащ. Жыгишхуэхэм дапхырыпльрэ деплъыхмэ, ад-дэ жыжьэу кIей кIуэщым жыг зэрымыт, удз кIырым зэщIищта щIы нэщIыщхуэ кьэтльагъуащ, и нэхым кьурщыпс гуэр щыкIу щежьэхуу.

Къуэм дыдэплъэмэ, дольагъу псы Iуфэм и Iуфэльафэмэ, хуейм кьыбгъэдэт уэздыгъей абрагъуэхэм я льабжьэми щыхуэхэр зэрыщыкъуэдыр.

ДыззрыщIыхуащ. КьызэрыщIэжьыкIэ, ахэр мейкъуапэдэт, бгылъэ щыIапIэхэм кьыщызыкIухьыщ фIыуэ зыльагъуэм, я клубым хэтхэм ящыщт. Абыхэм кьыджаIащ мыпхуэдэ нэгуэгъэзужьыкIэм, мы щыIапIэхэм ЩыщапIэлъхьыкIыщ пащIэ зэрыщымыIэр. КьыджаIащ мы удзылъэ хуейм нэху кьыщежкIыу, кьыкIэлъыкIуэ махуэм ЛатгъуэНакъэжкIэ кIэрыхьэм муратд эрарIэр. Дэ нэгъэущкIэт зэдэунэтIыр: тенджвз ФIыщIэ Iуфэм нэхъ тыншу иkIи нэхъ псынщIэу дыхуэзышэну, льагъуэжьрат ди гъуэзэр.

Ауэрэ дыздэуэрщэру дызэдащIым дызыбгуэза гупым и нэхъыжь - Василий - кьыджиащ зыдгъэпсэхуу нэху зэдгъым дежьэжмэ зэрынэхъыфIыр. ЩIалэ кьэтщIыкуэгъащIэр кьыззэрытхуэсакъар ди гупэ хьуауэ фIыщIэ хуэтщIри, гупыж тщIащ мы щыIпIэ тхьэгъэнэм зэрыщытыжьну.

Ди гъунэгъухэм зэран дауэхуэмыдыж щхьэкIэ, тIэкIу дакъыпIыукIуэтри, чэтэн пщыIэхэр зэфIагъэуваеу. ЛъэгъэпIэмпIэ кьэдзуамкIэ пщэфIэрэн зэфIэдгъэкIауэ, дыгъэри кьухьэжауэ, мафIэм дыбгъэдэсу, и гъусэхэр кьыкъэптпльхьащ. ИжьымкIэ дгъэзеигъуэ задзэ. Ар, дауи, Лагъуэнакъэ бгыщхэ тафэм уизыщэ лъагъуэхэм ящыщхьэ хьуц». Зыпгъэу - нэгъу тенджвз ФIыщIэм хигъэхъуэ абы и льагаГыр метр 2000 мэхэу. Абдеж кьыщожьэ «кьущхьэ зэIухуэпхъ» жьыхуиIэу Ищхьэрэ - Кьухьэпlэ Кавказым и псыщхэ гуэр. ЩIыпIэ зэмылIужьыгъуэ зэреджэ хьуам теухуауэ адыгэхэм хьыбар зыбжанэ яIэщ. Абыхэм ящыщ зыщ «фIыуэ плъагъум мафIэмэ удыпIыхьэнщ» - жьыхуиIэ кIахэ адыгэ псалъэжьым пэджэжь Iуэрыгъэтэ кIэщIри. Ар фIыльагъуныгъэ я кьабзэ эи зэхуаку дэлъа, гуэр псэ-Iэ зэбгъэдэта ныбжьыщIитIым, Лагъуэрэ Накъэрэ, ятеухуат.

Лагъуэ щIалэ щыкIуу и анэм щыгъуэу гъэрпIэ кьыщыхуащ. Бзыльхугъэм хамэ щыпIэм эзыщIу куэдрэ кьыщытеуэрт. АпщондэкуKи пэ-IэщIэ зэхуэщIа хэкум теухуа хьыбархэм кьуэр щигъэдыгъуэ. Абыхэм куэдрэ кьаxэщт зи дахагъэм зыри пэмыхьэн адэжь щыналъэмрэ уэс мыткIужьыр эытель Фыщтэ гъежьымрэ.

Гъэхэр б гIэкIа. Лагъуэ и ин хьуащ, балигъыпIи иуващ, щIалэ хьыжьи кьыхэкIащ. Ауэрэ здекIуэкIым, хэхэсу здыхэс бысымхэр зэгугъым игъэхутыкIуэри, щIалэр кьыщIэпхъуэжащ. Иkи зыригъэзэнур щимыщIэм, и анэм зи гугъу кьыхуищу щыта ФIыщтэ гъбжьыр егъэзыIпIэ хуэхьуащ. Апхуэдэ щыкIэм тету бгыщхэ хьупIэм итI Iэщы-хьуэхэм Лагъуэ гъуэсу кьыздащтащ.

ИхьуреягъкIэ кьыщыт бгыхэм, зыдэплъэ кьуэладжэхэм, абыхэм кьыщыIыжьыхь псэущхьэхэм, псыпэпс жьгъырум итхьэкIуэ ныбжьыщIэм усэ зэхилъхьэн щIидзащ. Абыхэм макъамэ щигъэзуэжкъуэ, дзапэ уэрэдзи хуащ.

Лагъуэ и пщыпIэр Накъэ зэхихащ. Хьыбарым зэрыжиIэмкIэ, а пщащэр дахащэ. Езыри пщы лъэпкъ кьыжьат. Накъэ и адэр бейт Псомэ я щIыбжькIэ хэпIэ эри ейт; Iэщ бкьыгъэщ уэкъри иIэт.

Лагъуэрэ Накъэрэ фIыуэ зэрыльэгъуащ, зэщIхьэгъуэ зэхуэхьунхуэри зэгурыIуащ. Арщхьэ щIэ абыхэм я хьуэпсапIэм пэувын цыху кьыкъуэкIащ - ар пщащэм и адэрат...

НэгъуэщI хэкIыпIэ щымыIльагъуэм, щIалэмрэ хьыджжбзымрэ зэдзкIуэсахэщ. Ауэ абы фIы кьыкIакъым... И пхъум и жьIэмыдэIуагъым кьигъэгубжьа пщым и блыгущIэтхэр игъэпхъэращ. Я лъэжь зыхуэрэ кьащхьэкIэ-лъыс дыдэм ирихьэлIэу Лагъуэрэ Накъэрэ бгым и нэзым кьыщыкIуэтащ. Сыт иджы ящIэнур? Я щIыбагъым пхъэрыр дзтщ, ипэкIэ щыхупIащ.

Куэдрэ гупсысасхъым фIыуэ зэрыльагъуитIыр: бгым зэгуэсу зэдепкIащ...

Абы льандэрэ гурыщIэ кьаБзэмрэ щыпкъагъэ нэсымрэ я фэеплъу мы щыIпIэ дахащэм «Лагъэнакъэхэр» йоджэ.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

Хы мывэ тхыцIэр.

Хыкхъуэ гуэл.
Сурэтыр Хьэпшт Хьисэ ящIащ.

«ЕплIанэ гъатхэ»

**Адыгэбзэкlэ кьеджэфу «Щыхульагъуэм и вагъуэхэр» тхылъым щымыгуфIыкIа щыIэу кьыщIэкIынкъым. Интернетыр зи Iэпэгъу, абы дихьэх щэлбэми анэдэлъхубзэм и IофIыр зэрызыхьыщIэм и нэщанэщ. ПщIэнтепхыну щIэщыгъуэу кьыдэкIа мы тхылъ щыкIуэр. Я тхэкIэкIи я дуней еплъыкIэри зэмыщхь щIалэхэмрэ пащащэхэмрэ зэрыщэтехуэр зыщ - адыгэбзэр я гупсысэ щэхуэм я Iэпэгъуэ. Усэ, рассказ, гупсысэ щэхуэлъпIыкIэ... Сытым тетхьыжьми, мыбыхэм жаIэр щIэщыгъуэщ, уи фIэщ мэхъу кьыбгуроIуэ. Нэхъ гухэхъуэрашIи, абыхэм зымыгъэбгэрыгъын гъуэзэ я IэщI. Хьэх Сэфарбий и гъэсэнхэм зэратепсэлъыхьым укъыщеджэкIэ, узэхъуэпсэнр пщIэркъым - мыпхуэдэ Iуэху адыгэ литературэм къыщызыIэтыфа, анэдэлъхубзэм и пащэдейрей махуэм хуэлажьэ езыра? Хьэмэрэ, а тхакIуэм я Iэдакъэщ зыхэзыщIэу абы игу зрагъэхьыну тхэ щIалэгъуалэра?

СЫХУЕЙТ Жамбэч Рабия и тхыгъэхэм я гугъу сщIыну. Сытепсэлъыхьыну хуит зысщIыжа щхьэкIэ, мы тхыгъэхэм захуепсалъхьыну сыщIэгъэзэвэн гуэр ядзэгъуэуи щытхкъым. Рабия тхэным и насыпзэрыхэлъыр кьеГъэльагъуэ Хьэх Сэфарбий абы щэрыуэу хужиIа псалъэ дахэхэм: «И хьэщхэбзэшр нэхъ зыхуэIэзэр убзыхуГуейщ. И расскахэм ущеджэкIэ, щэч кьытепхьэрэкъым зэрыпрозаикьым. Ауэ и усэхэр пльагъумэ, моуэ жьбIэжж: «Хьэуэ, дауи ирехьри, мыр усакIуэщ!».

Рабия гупсысакIуэ, уеблэмэ философ псалъэр нэхъ йозэгъ. Кьалэмыр абы быдзу зэрыIыгъым шэч кьытехьэрэкъым. Зэм ар удз гъэгъа ещIри, льагъуныгъэ уэрэд кьреш. Зэм дзжатэ Iэпщэ хуохъури, жагъуэгъуэм и псэм хеукIэ. Зэм хьэрышм зэрыльэтэн дамэ кьыхекIыкIри, абы кьыхуча кьабзэиймкIэ кьеIуатэ ильагъур. Хьэмым фIыуэ гу льитащ Рабия прозэми усэми зэрыхэзагъэм. Ауэ гъэщIэгъэуэну пльагъур зыщ - мыбы и прозэр нэхъ усащ и усэхэм нэхъ?э. Бзэм и кьэIуэтакIэ Iэмалхэм ящыщу мы пщащэм нэхъ кьеХуэлIэр литературэм и Iэпэгъуэ ябжьыр кьэгъэльэгъуэнракьым - зэпкърыхьнращ. Кьапщтэмэ, Рабия зыри кьыгугупсысыр-кьым. «Теплъэгъуэм» нэхъыбэ «Iуплъэгъуэ». ФIэщыгъэм и Iэдакъэ йозэгъ абы итхэхэм, Мыхэр нэхъыбэу зэщхьыр Тургенев Иван и «ПродэжкIэ тха усэхэращ». Иджыри - Хьэх Сэфарбий «Си хьуреягъкIа» зыфIища тхыгъэ кIэщIкэм. Ауэ абыхэмэ яхэзэрыхьэрэ Рабия прозэу иухуэ псалъэуэхахэм и усэхэм хэмыт зэщIэжьыуэ гуакIуэр кьахэщIуукIыу хэпхъащ. Абыхэм тхакIуэм и гупсысэм и кууупIэр нэхъ IупщI ящ, и бзэри яГэщIэращIа. Мис, псалъэм папщIэ, абы и тхыгъэхэм кьыхэтха «рифмэ зыщIэлъ продзэм» щыщ пычыгъэузэр:

... Уи щхьэм щхьэнтэр ебГъэу бэ зэпыту («Насып Iыхьэ»);

...МафIэр кьыпIылъэлъу жьэхэздзэри, гуащIэ мащIи кIэлъыздзыкащ («Шэ кьэуэж»);

...Си псалъэмкIэ зи гущхьэм джатэ хэсIуам сельэIунт а джатэр кьыслIащIилъхьэну - пызущIыжьынт сызыхуимыта бзэгър («ЩIэ кьэуэж»);

...пльэжьышнэу жьыжьи ирипхэнкIыкIыжжаУэ («Сурэт»);

...и псэльэгъуэр зыIуригъэльэдэныж хуэдэу («И щIэр зыфIещыж»);

...дапщэщу пIэрэ и хуэупсапIэр IэщIуэу и льэр щIэщIэхунур («Гугъэ»);

...Щысхьрабгъу льэпкъ хэмылъу кьыскхуупхъ псалъэ хэщIыпхьахэр («Насып гуэрэу»);

...Мыгурыlуэгъуэр: уи псэр нэхъеуинэшу си льэмбым кьыщIипкIэ зэпытыращ («Насып гуэрэу»);

...Бгъащхьэм щахъумэ джаджжьей быну, си псэм укъыхуосакъ («Насып гуэрэу»);

... Сызэтет дунейм щекIуэкI псоми уи гур хуэмывэщ («ПщIыхьэпIэ гъащIэ»).

Мы псалъэухахэм ущеджэкIэ уигу кьокI: хэт апхуэдэу зыхуэмытыхнур. Зощенкэ Михаил щхьэкIэ жаIэри арат. Рабия и Iэгъэ апхуэдизкIэ адыгэбзэщи, гъащIэм и философием кууу зэрыхьихьэ гъэзгур псалъэмакъ кьыззрыгуэкIым хуэдэу тыншщ. Бзэр тыншым зэрыхуейр Интернетым зэхихэкIащ, ауэ тхыльхэмрэ газет-журналхэмрэ а тыншыгъэр зикI кьэскъым. Анэдэлъхубзэр хьумэн зэрыхуейуэ дыбж Iэмалхэр зэрызэтемыхуэм хамэбзэр нэхъ щIыщIыгъэу кьеГьанэ. Нобэ адыгэбзэр гуГъуу кьызыщыхъэхэм тIкIу яхуэдэмычыхьыIуэ, щIалэзгъуэдэ псэльафэу «О my God!»-р «Яныхь, сэ си Тхьэ!»-м и пIэ кьиувакIэщ. Хамэбзэ щIэн хуэмеиуи щIэныгъэм уи щIыбI хуэбгъэзэн хуеIуи зыми жиIэркъым. Ауэ зи уасэ ехуэха Iэмэпсымэр - мыбдежьым бзэр - льапIэ хьужьи щхьэкIэ тыншу къэбгъэсэбэпу щытын хуейщ. Макъ хьэлъэкIэ куда псалъэ жыIэгъуейхэм, и кIэм ныэсыкУ зи пэр пщыгъупщIэж кьебжэкI кIыкьхэм гупсысэр яГэщIэхэм, уэзджэми хуэдэгу уащI. Уэхэдэ щыхъунукIэ, бзэм и кIуэщIкIэ нэхъ тыншыр кьыхъхьпхъэщ. Рабия и уэсэхэм зы яхэтщ а гупсысэр нэхъ IупщIу кьыгъэзыгъуэу:

УкъызоупщIыр уэ мычэму:

«Си нэхум уи гуи сыкьэкIа?»

СфIэщыжьэу сэри ар тэмэму,

БжьызоIэр: «Тхьэ укъэмыкIа».

Мы усэр адрейхэм куэдкIэ ёиофIэкI. Узыфдыдыр «Тхьэ укъэмыкIа» адыгэ дыдэ псэльафэ, адыгэ хьыджжбз зыкьыпегъэхыкIэ Iэмал кьэпцIыхужкращ. ЩIалэм и упщIэм хэт «си нэху», «игу сыкьэкIа» псалъэхэри бзэм кьыхэпхъэзыхьаУэ дахэщ. Ауэ езы псалъэухар инверсиекIэ зэрытхам щыIыпафэ кьытрегъауэ. Псалъэм папщIэ: «Уигу сыкьэкIа, си нэху?» упщIэр нэхъ тэмэмщ. Усэм рифмэ зэмытамэ, «усэу Iун» кьалэн имыIамэ, апхуэдэуэ ар зэрыщытынур. ЩIагъыбзэр щIэпхмэ, усэ щхьэхуиткIэ зэджжм и мэ гуакIуэр кьызэрыпщIыхьэращ жьытIэну дызыхуейр. Рифмэр соет зэманым тIэкIу игъэльэпIэIуэрэ, фэрыщIа гъым хуитэкIуэтащ. Ауэ ар кьыщIэкIынщ зи сатыр зэмыгъэкIуа усэхэр, макъым и хэтыркIэ «зэзымыщIа» псэльэкIэр кIуэ пэтми ди фIэщ нэхъ щIэхъур. Рифмэм усэр егъэдахэ. Ар екIуу зыхэзащIэ гъэм гупсысэри нэхъ IупщI ещI. Ауэ рифмэр усэм щыIуэхутхьэбзащIэу арац. Ар псалъэхэр и пIэм ихьэщ унафэщI щыхъум и деж, усакIуэм жиIэр уи фIэщ хъущэркъым. Бзэр нэхъ кьыззрыгуэкIыху нобэрей тхыльеджэм и гум нэхъ дохьэ. Рабия усэбзэр зыфIыхьладэ и прозэми кьегъэльагъуэ ар. И купщIэм дежь къэдгъэзэжмэ, зи гугъу тщIа усэр и мыхьэнэкIи адрейхэм къахощ. Псалъэгъуныгъэм куэдрэ топсэлъыхь Рабия. Ауэ мы усэр зытепсэлъихьыр тIуми зэхуэдэу зыхащIэ гурыльщ, щхьэзакъуэ льагъуныгъэкъым. Гурыльэ щхэрм мыхьэнэ щIиIэр абы щыхуэм и фIыр щхьэмрэ гуэрхэр пыгъэщэщым хуей мэхъу, зэрыщытыу мыгъун щхьэкIэ.

Апхуэдэ гурыщIэхэри къеГъэльэгъуэф гъащIэм и хабзэхэм дзыхь хуэзыщI хьыджжбзым. Нэхъыбэр Тхьэм ещIэ, ауэ мы пащащэм псэунныр нэхъ фIэхьэлэмэту фэ тетщ тхэным нэхърэ. АбыкIэ ар и щIэджэгъу уГэрлъа, щIэкIуэу щыта щхьэ. А щыхуэ Рабия ал-Басри кьыщыхьэщыкIыркъым. Хьэмэрэ дыщыуэра? Жамбэч РабиЙ и щIэм хэIэтыкIар ещанэ пычыгъэр арац. Рабия аль-Басри и адэм «РабиЙ» - «еплIанэ» адыгэбзэщи, гъащIэм и философием кууу зэрыхьихьэ гъэзгур псалъэмакъ кьыззрыгуэкIым хуэдэу тыншщ. Бзэр тыншым зэрыхуейр Интернетым зэхихэкIащ, ауэ тхыльхэмрэ газет-журналхэмрэ а тыншыгъэр зикI кьэскъым. Анэдэлъхубзэр хьумэн зэрыхуейуэ дыбж Iэмалхэр зэрызэтемыхуэм хамэбзэр нэхъ щIыщIыгъэу кьеГьанэ. Нобэ адыгэбзэр гуГъуу кьызыщыхъэхэм тIкIу яхуэдэмычыхьыIуэ, щIалэзгъуэдэ псэльафэу «О my God!»-р «Яныхь, сэ си Тхьэ!»-м и пIэ кьиувакIэщ. Хамэбзэ щIэн хуэмеиуи щIэныгъэм уи щIыбI хуэбгъэзэн хуеIуи зыми жиIэркъым. Ауэ зи уасэ ехуэха Iэмэпсымэр - мыбдежьым бзэр - льапIэ хьужьи щхьэкIэ тыншу къэбгъэсэбэпу щытын хуейщ. Макъ хьэлъэкIэ куда псалъэ жыIэгъуейхэм, и кIэм ныэсыкУ зи пэр пщыгъупщIэж кьебжэкI кIыкьхэм гупсысэр яГэщIэхэм, уэзджэми хуэдэгу уащI. Уэхэдэ щыхъунукIэ, бзэм и кIуэщIкIэ нэхъ тыншыр кьыхъхьпхъэщ. Рабия и уэсэхэм зы яхэтщ а гупсысэр нэхъ IупщIу кьыгъэзыгъуэу:

«ГъащIэр ззэгъэщхьэр тхылъышхэ гуэрщ, езы щыхум итхьэкрэ кьыдигъэкIыжу. Ауэ ар хьэзэр, нэщIыбэ щыхуэр дуней уи щIыб кьыщыхуэбгъаззрщ, иужьрей точкэр щыбгъэувыр уи гъащIэ Iыхьэр щыбух дакъикъзрщ. Ди Тхьэшхуэрэр редактор нэхъыщхьэу а тхылъым зэхуэвыр, абы нэмыкIэ хъуну сюжетри зи Iэмыщ Iэ иIыр Аращ».

Адыгэбзэм и Iофыр кьабзэу ди пащхьэ кьизыIыхьэф пащащэм и кьалэмыпр папщIэу, абы и щхьэкIэр гъагъэу, кьыпкIэм ди фIыр кьэгъэуш, езыми Редактор Нэхъыщхьэм и нэфI кьыщыхуауэ псэуну дохьэуэху. Апхуэдэ щIэблэ адыгэр зэи Тхьэм щымыгъащIэкIэ.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

●ЩIэблэ

Уэркъ къафэ

МОСКВА дэт къэрал ухуакIуэ университетым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэхэм я фестиваль. КъБР-м щыщу а еджапIэ нэхъыщхьэм щIэсхэу Быдэ Темботрэ

● Футбол

«Спартак-Налшыкыр» ЦСКА-м и гъэм йобгъэрыкIу э.

Гугъэхэр къощIэрэщIэж

«Спартак-Налшык» (Налшык) - ЦСКА (Мэскву) - 0:2 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Мэкъуаэгъэм и 18-м. ЦIыху 5 000 еплъащ.

Судьяхэр: Безбродов (Санкт-Петербург). Еровенко (Краснодар), Данченкэ (Уфа).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Джудович, Куликов, Лебедев, Захирович, Леандрэ, Концедалов, Багаев, Пилипчук, Портнягин (ГъэущокIуэ э. 63), Сиродзе (Бырхьэм, 70; Милич, 80).

ЦСКА: Акинфеев, Набабкин, Березуцкий А., Игнашевич, Березуцкий В., Алдонин, Мамаев (Шемберас, 77), Хондэ, Дзагоев (Секу э. 88), Вагнер Лав, Думбыя (Тошич, 53).

Топхэр дагъэкIащ: Думбыя, 18 - 0:1. Игнашевич, 65 - 0:2.

Дагъуэ хуащIащ Сиродзе, Думбыя, Вагнер Лав.

ТУРНИР таблицэм и кIэух увыпIэм щыт «Спартак-Налшыкым» щэбэт кIуам къыригъэлIэгъащ мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыпашэ Мэскву и ЦСКА-р.

ТренерыщIэ къызыхуагъэкIуа налшыкдзэхэм зэгупIэр жыдджэру аублащ. Етхуанэ дакъикъэр екIуэкIыу арат би щIалэхэм бжыгъэр къыкIэлыкIуэ Iэмал къащIыу - къуэкIам. ХьэщIэхэм я гъуэм пэжыкIыкъу щыту Концедаловыр зэуэ топыр Акинфеевым кIыхьуэбыдакъым, арщхьэкIэ абы кIыэрипсэгъэзэам тэмэму техуэфакъым гъуэм метр зыбжанэкIэ пэгъунэгъуу щыта Портнягиныр.

Епщыкубланэ дакъикъэр екIуэкIыу ЦСКА-м и контратакэм хэту топыр кIыхьыдерыхьа Думбыя тынш дыдэу ди гъэущхьэхъуэмэхэм кьапекIуэкIри, гъуэм ауащ, арщхьэкIэ абы хуэхьэзыр Фредриксон топыр кIыщтащ.

КIыкIэлъыкIуэ дакъикъэм Думбыя хэгъэрейхэм я щыуагъэр жыигъэгъуакъым. Гупышхуэу ебгъэрыкIуэ хьэщIэхэм яхэт Хондэ топыр штрафноймкIэ хитащ. Абы япэу нэсащ гъуэм пэмыжьыкъу щыт Ког Д' Ивуарым щыщ гъуащхьауэр. Зыри зэран кьыхуэмыкъуу ар зэуэ топыр Джудович техуэри, гъуэм дыхьащ - 0:1.

ХьэщIэхэм я гъуэм щIэхьэпыуэ екIуэлIащ Портнягиныр, Пилипчук, Концедаловыр, арщхьэкIэ ебгъэрыкIуэ ныгъэм зыри кьиклакъым.

Бжыгъэр зэхуэдэ зэращIы - жьнум пылъа ди щIалэхэм я гугъуехьыр аргуэру псыхэкIуадэ хуащI. Топыр кьызыIэрыхьа Думбыя етIуанэу Фредриксон и гъуэм дигъэкIащ, арщхьэкIэ ар хабзэм кьемызэгъыу кьэхъуауэу къэзылыта судьям хибжакъым. ЗэгушIэм и етIуанэ Iыхьэр «Спартак-Налшыкым» нэхъ жыджэру иригъэжьащ. ЗэкIэлъхьэужьу Акинфеевым и гъуэм бгъэдыхьащ Лебедевымрэ Концедаловымрэ, арщхьэкIэ пщIэнэшэт.

54-нэ дакъикъэм ди щIалэхэм екъуIэныгъэ кьахуихьыфыну щытащ. Портнягиныр ЦСКА-м и штрафнойм щихьэм тынш дыдэу Березуцкий Василий кьыпекIуэкIри, лъэщу гъуэм ауащ. Ди жагъуэ зэрыкъунщи, топыр перекладинэм техуэри лъеижащ.

Вагнер Лав ди гъуэм етIуанэу кьыщIекIуалIэм, и командэм пенальти кьызыуилэжащ. Лебедевым Iэщ1экIауэ гъуэм хуэмIуэ бразил гъащхьауэр хабзэр кьыиэпIуду фIэкIа кьыхуэгъэувыIакъым. Пенальтир игъэзэщIащ Игнашевичым икIи бжыгъэр 0:2-м нигъэсащ.

ЕтIуанэ топым нужькIэ зэпэщIэтыныгъэр щIэужьыхащ - хьэщIэхэр ипэкIэ кIуэтэну хущIэкъущIэртэкъым, хэгъэрейхэми я лъэныкъуэмкIэ зыщамыгъэбыдэу хьуртэкъым.

ЗэгушIэм щыщу кьэнжьа зэманыр командэхэм жыджэрагъашхуэу кьаамыгъэльэгъуэу иухащ. КьыхэгъэщIапхъэщ кьыщIагъуа дакъикъэхэм я иужьрейм Хондэ лъэщу ди гъуэм кьыгъэреуар. АрщхьэкIэ абы Iэзэу Фредриксон кьригъэгъэзащ.

ЗэпэщIэтныгъэм кьыщыхагъэщIами, зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыбгъ мэкъуэдэсхэм яхуэфащэну япэщIэта ди щIалэхэм иджырей зэIущIэм хьарзынэу зыкьыщагъэлIьагъуащ. Дыщыгугъынщ тренерыщIэм командэр кьыдэщIэрэщIэжыну.

Адрей командэхэм я зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьаригъкIуащ: «**Динамо**» (Мэскву) - «**Томь**» (Томск) - **3:0**, «**Амкар**» (Пермь) - «**Анжи**» (Мэхьэчкъалэ) - **0:0** , «**Волга**» (Новгород Ищхьэрэ) - «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - **0:2**, «**Тэрч**» (Грозный) - «**Крылья Советов**» (Самарэ) - **2:0**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Краснодар**» (Краснодар) - **0:1**, «**Локомотив**» (Мэскву) - «**Спартак**» (Мэскву) - **0:2**, «**Ростов**» (Дон Iус Ростов) - «**Рубин**» (Къазан) - **1:3**.

КIыкIэлъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм Пермь щIрагъэкIуэкIынущ. Мэкъуаэгъуэм и 22-м ахэр «Амкар»-м Iуощ1э.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сиродзе *(щысщ)*и пэр кьыткакьутэ.

Пилипчук Сергейрэ *(№ 99)* Портнягин Игоррэ *(№ 15)* хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэр кьыязранэжкI.

Сурэтхэр ' ЕлькIан Артур *трихащ.*

ЗэIущIэ нэужьым

ТАШУ Сергей, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Джэгукlэфlым дыхуокlуэ

- Командэм зэфэкIиIэщ, ар сэ нобэ слъэгъуащ. ЩIалэхэр хьарзынэу джэгуащ, ауэ зыхъуумэжыны- гъэм щалэщIэкIа щыуагъэхэм я зэранкIэ текIуэныгъэ къытхуэхьакъым.

- Нобэрей зэIущIэр ебгъэрыкIуэным нэхъ тегъэщIат?

- Мы зэIущIэм махуитIкIэ зыхуэдгъэхьэзыращ. А зэманым кьриубыдэу сэ щIалэхэм кьагурыгъэзгъэIуэну сыхэтащ ЦСКА-р ун джэгукIэм кьытебгъэхуэу фIэкIа узэрипэщIэмытыфынур. Псори зэгъуэгу зэращтэмэ, щIалэхэмкIэ сыарэзыщ, тегушхуэу джэгуахэщ. Лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ, ауэ топ дагъэкIыфакъым. Дяпэкlэ дыпылъынущ ди хьэрхуэрэгъуэхэм ди джэгукIэм къызэрытедгъэхэнум.

- «Спартак-Налшык» и гъуэм кърагъэуа пенальтим теухуауэ сыт къыджепIэфынур?

- Сэ судьяхэм я лэжьыгъэм сытепсэлъыхьыну къыстехуэрхъым. Абыхэм езыхэм кIэлъыплъаkIуэхэр яIэжщ. Ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ етIуанэ топым ди джэгукIэр кьыхэзгъэзгъэтрикъутэпар.

СЛУЦКИЙ Леонид, *ЦСКА-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Кьыхагъащlэну налшыкдэсхэм яхуэфащэтэкъым

- «Спартак-Налшык» топ къытхудигъэкIыну Iэмал куэд зэриIар ди щIалэхэм я хуэмыхуагъуу къызолъытэ. Ди хьэрхуэрэгъуэхэр турнир таблицэм и иужьрей дыдэ увыпIэм щыти хуэдэкъым. Нобэ абыхэм кьагъэлъэгъуа дежгукIэмкIэ ахэр кьыхагъэщIэну яхуэфащэтэкъым, ауэ фIыуэ ущыджэгукIэ топи дэбгъэкIын хуейщ.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

Щlалэгъуалэ зэпеуэ

Зэрытегъэкlуакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - ЦСКА (Мэскву) 2:2 (2:1). Мэкъуаэгъэгъуэм и 17-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Цlыху 500 еплъащ.

Судьяр Панасюк (Волжский).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Чочуев, Абазэ, Сэрчэ, Къуэныхъ, Къумыкъу (Тебэрды, 83), Щэуей (Мэкъуауэ, 72), Ковальский, Мырзэ (Бештокъуэ, 77), Кьэжэр, Митришев (Бэрокъуэ, 57).

ЦСКА: Исупов, Никитин, Тен, Полюткин, Пилиев (Дроздов, 55), Васильев (Абдуллин, 90), Попов (Сафин, 86), Амбарцумян (Иванов, 72), Засеев, Нетфуллин, Султанов (Сердеров, 65).

Топхэр дагъэкIащ Васильевым, 13 (0:1). Митришевым, 37 (1:1). Мырзэ, 45 (2:1). Султановым, 58 (2:2).

Дагъуэ хуащIащ Къумыкъум, Абазэм, Мырзэм, Дроздовым.

ЗэIущIэм и апэ дакъикъэхэр командэхэм щтэIэштаблэу, зым адрейм и пIасхьапIэхэр кьыщIэныным хэту кьыщIадзащ.

Апэу ебгъэрыкIуар ди щIалэхэрщ. Къумыкъур штрафноймкIэ щихьэм гъуэм нэхъ пэгъунэгъуу щыт Мырзэм топыр иритащ. Иужьрейр лъэщу ауащ, арщхьэкIэ гъуащхьэтетыр абы хуэхьэзыру кьыщIэкIащ.

Епщыкlуцанэ дакъикъэр екIуэкIыу хьэщIэхэм я гъуащхьэхъуэмэныкъуэ Васильевыр зэуа штрафнойм налшыкдэсхэм я гъуащхьэтет щIалэщIэм кьыхуегъэзгъэзакъым. Дакъикъэ нэхъ дэмыкIыу ди гъуэм иджыри зы топ кьыщIадзэкIащ, ауэ судьям ар хабзэм къемызэгъыу дагъэкIауэ кьыпытэри, хибжакъым.

Хуэм-хуэмурэ хэгъэрейхэм зэпэщIэтныныгъэр мэкъуудэсхэм я лъэныкъуэмкIэ ягъэкIуэтащ. Псом хэмылдэу жыджэру зыкъыгъэпIагъуэрт щIэх-щIэхьыгъэ хьэщIэхэм я гъащхьэхъумэхэм кьалакIуэкI Къэжэр Назир.

28-нэ дакъикъэм ирихьлIэу ЦСКА-м бжыгъэр игъэбзагъуэфыну щытащ, арщхьэкIэ метр зыбжанэкIэ гъуэм пэмыжьыжьу щыта Султановыр техуакъым.

Куэд дэмыкIыу «Спартак-Налшыкым» иубыда тепщэныгъэм екъуIэныгъэ кьыхуихьащ. 37-нэ дакъикъэм Щэуейм топыр кьезыта Митришевыр лъэщу Исуповым и гъуэм еуэри, бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ - 1:1.

ЗэпэщIэтныгъэр ужьыхь хуэдэт, ауэ апэ Iыхьэм и кIэух дыдэ дакъикъэм ди щIалэхэм иджыри зы ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщ кьызэрагъэпэщыжри, Мырзэм бжыгъэр 2:1-м хуигъэкIуаеу загъэпсэхуну икIахэщ.

ЕтIуанэ Iыхьэри ди щIалэхэм я тепщэныгъэкIэ кьыщIидзэжащ, ауэ налшыкдэсхэм ягъэзащIа штрафнойм зыри кьахуихьакъым.

Куэд дамыкIыу Васильевым етIуанэ топыр кьытхудигъэкIыным зымащIэщ иIэжар, ауэ гъуэм сантиметр бжыгъэкIэ техуакъым.

А ебгъэрыкIуэныгъэм жан къащIыжа мэзкуудэсхэр гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ икIи зэкIэлъхьэужьу зэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ гъуэм къебгъэрыкIуэ хьэщIэхэм ди гъащхьэхъумэхэр япэлъащакъым, бжыгъэр 2:2 хьужащ.

ЗэIущIэм и иужьрей дакъикъэхэм «Спартак-Налшыкым» топ дигъэкIыну Iэмалыфlитl иIащ. Тlури кьызэзыгъэпэщащ Къэжэрыщ, ауэ ЦСКА-м и гъащхьэтетыр, нэхъ Iэзэу кьыщIэкIащ.

Иджы щыгуэзэз фыхудощI адрей командхэм я щIалэгъуалэ гупхэр зэрыджэгуам кьрикIуахэм: «Волга» - «Зенит» - 1:4, «Кубань» - «Краснодар» - 0:0, «Амкар» - «Анжи» - 3:2, «Локомотив» - «Спартак» - 1:2, «Динамо» - «Томь» - 4:0, «Ростов» - «Рубин» - 0:1, «Тэрч» - «Крылья Советов» - 2:1.

КЪЭХУН Бэч.

Хьэзэ хуэхъуауэ. «Кабардино-Балкарская правда» газетым ильэс къэс къепщытэ и щIэджыкIакIуэхэм нэхъыфIу яIэратэу тхакIуэхэмрэ тхыгъэхэмрэ зыхуэдэр. Абы и мыхьэнэр пхужымыIэну инщ, апхуэдэу цIыхухэм нэхъыбэрэ яхэупщIыхьамэ, а жэрдэм хъарзынэр адрей газетхэми дагыгъамэ нэхъыфIыжт.

АПХУЭДЭ къэхутэныгъэхэм дыщIыхуэныкъэри иужьрейи ильэсхэм тхакIуэхэмрэ тхыльеджэхэмрэ пхужымыIэну зэпэжыжьэ, зэпэIэщIэ зэрыхъуар, нэхъапэм лъэпкъ литературэм теухуауэ ирагъэкIуэкIыу щыта пшыхьхэр, зэIущIэхэр кьыззэрыдмыгъэсэбэпыжыщ, тхыгъэ щхьэхуэ кьыдэкIэм дызэрытемыпсэлъыхьыжыщ. Абы кьыдэкIуэри, дунейм кьыстехэ тхылъхэр критикэм гулъытэнцIэу кьызэрагъэнэн, тхылъеджэхэм абы хэм щыгъуазэ зэрызыхуащIыр, къаззрыщIхьэр зыми зэрызэхимыгъэкIым я зэранкIэ цIыхухэр лъэпкъ литературэм зэрыхущытым и пэжжIпIэр мыубзыхуауэ кьоно. Лъэпкъ литературэмрэ тхылъеджэхэмрэ яку иджыпсту кьыдэхуауэ зэхущытыкIэр узыгъэгъэвэщ. ЗэрыгурыIуэгъэущи, тхылъеджэ зимиIэ е зыфIэкIуэд литературэм гъащIэшхуэ иIэну ущыгугъэныри щхьэгъэпцIэжщ.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым нэгъабэ иригъэкIуэкIа апхуэдэ къэхутэныгъэхэм узыщыгугъыкIыкIын хэлъакъым. Ауэ мы гъэм кьыградзэр нэгъабэрейм нэхъри нэхъыкIжку кьыщыщIэкIым, дыкъэзIэбжащ, абы кьыдэкIуэну мыхъумыщIагъэхэми дытемыпсэлъыхьу кьэдгъэнэнэр дигу техутегъэхуакъым.

ФIыуэ яIащ тхакIуэхэр ягъэбелджылыну мы гъэм газетыр зэуГущIар цIыху 16 мэхъу. Абыхэм ящыщу блыр (дыщымыуэмэ) адыгэщ, тхур балъкъэщ, адрейхэр урыщ. Я Iэщ1агъэкIи ахэр фIыуэ зэщхьэщокI - абыхэм яхэтщ зы министр, профессоритI, усакIуэ, актер, дохутыр, спортымкIэ мастер, унэгъащэ, еджакIуэ. ЗэупщIа адыгиблми балъкъэритхуэми ахъэкIакъым я лъэпкъ тхакIуэхэм ящыщу зыгуэрыкI и щIэ кьизыIуэн, адыгэ бзыльхъугъэ Кьуныжь Къ. Кулиев Кьэйсын и тхыгъэхэр игу зэрырихьыр зыгуэрым кьызэригъэнэфыну ди щхьэгъэ мащIэрщ лъэпкъ тхылъеджэхэм я деж нэсыр. ЛъэпкъыбзэкIэ кьыдэкI гъазетыр, журналыр, тхылъхэр зызэрымыихьэ адыгэ тхылъеджэхэри мащIэ-мащIэурэ еджэным Iэпэдзгъэпэл хуохъу, унэм щыщIэмылъкIэ, библиотекэм кIуэу абыхэм щыгъуазэ зыхуащIын е мэщхьэх, е зэман ягъуэтырыкъым. Хьэдыгъуэдахэу тхыгъэ мащIэ фIэкI зыIэрымыихьэ лъэпкъым и цIыхухэми я бзэми, я литературэми гукъыдэжышхуэ хуамыIэж мэхъу, щыщымыгъуэзэкIэ, абы и Iэфlри кьагурыIуэркъым. Дымыбзыщу жытIэпэмэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыкIэ дэ еджэнэр фIыуэ зыIьлагъу лъэпкъхэм дащыщкъым. Гу лъитапхъэщ нэгъуащI зыгуэрми: иджыпстукIэ ди газет, журнал закъуэхэм Iэ тезыдзар Iэхъ хэмыщIауэ псэу къуажэдэсхэрщ. Гъэщ1эгъуэныгъракъэ, нэхъ зэфIэкI зиIэ, абыхэм щы-гъуаэзу щытыну нэхъ си кьалэн хэку унафэщIхэм, къэралкъулыкъущIэхэм, щIэныгъэлIхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэхэмрэ щезыгъаджэхэмрэ ящыщу ахэр зыIэрыхьэр, закъуэтIакъэущ. Абыхэм Iэ тезыдзэхэм я унэщIэхэр зэ мыхъуми зэ къэгъэнэIуамэ, адрейхэм защIэжын щхьэкIэ е газетым, е журналым ахэр кьытедзамэ, занщIэу белджылы хьуну кьыщIэкIынут хэт сыт хуэдэу и лъэпкъ литературэм, культурэм хущытми.

Зыми жиIэркъым, хуитныгъэ иIэуи кьыщIэкIынкъым лъэпкъым и зы цIыхуи зэржэн хуэй тхакIуэ Бырсинэ Фатимэ баштекъуэ Афэщокъуэ Раисэ зэIущIэр кьызэIуихри, зэтраубла Iуэхур наркоманием, абы пыщIа щIэпхьаджагъэхэм ехьэлIа гугъуехьхэм жылагъэм ун гъьелъэтыным, щIалэгъуалэр я лъэхъуакъым. ПэIащIэу къэгъэтэджыным зэрытраухуар жиIащ. Адэкlэ кьызэхуэса ныжьыкIыщ цIыкIухэм кьаIэта Iуэхум теухуауэ епсэльащ «Зыужьныгъэ» фондым и унафэщI Кьыщыкъуэ Иринэрэ министерствэм и лIыкIуэ Къарэ Ратмиррэ. КъБР-мкIэ УФСКН-м и Iэщlагъэлl-эксперт Силинский Константин наркотикыр кьэбгъэсэбэп зэрымыхъунур, а щхьэхъ бзаджэм зыдрамгъэщIэхьэну яжриIащ ныжьыкIыщ. Сабийхэр яфIэгъэщIэгъуэну хьэщIэхэм епсэльащ, кьызэреупщIахэм жэуап иратащ.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и щыхъэпIэм деж сабийхэм мелхэмкIэ яща сурэтхэм я зэпеуэ щрагъэкIуэкIащ. Кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ районым и творческэ гупхэм.

ТАРИМ Алисэ.

Къэбэрдей литературэм еджэ щыIэжу пIэрэ?

Хабзэ хуэхъуауэ. «Кабардино-Балкарская правда» газетым ильэс къэс къепщытэ и щIэджыкIакIуэхэм нэхъыфIу яIэратэу тхакIуэхэмрэ тхыгъэхэмрэ зыхуэдэр. Абы и мыхьэнэр пхужымыIэну инщ, апхуэдэу цIыхухэм нэхъыбэрэ яхэупщIыхьамэ, а жэрдэм хъарзынэр адрей газетхэми дагыгъамэ нэхъыфIыжт.

● Гукъеуэ

Япэ лъэбакъуэхэр блэкIа лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм зычу щIэзыдза къэбэрдей литературэм зэман кIэщIым ехьулIэныгъэ хьэлэмэтхэр зыIэригъэхьащ: абы иIэщ лъэпкъыр зэрырегъуэхуэ, зыгъэлъапIэ тхакIуэ-усакIуэ тепъыджхэр, къыдалъхуахэм я тхыдэр, гъащIэр пэжагъ нэс хэлъу кьыщыгъэлъэгъуэ тхыгъэ хьэлэмэтхэр, абыхэм я нэхъыфIхэр хамэ къэралыбзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ, я щIэхэр пыуухькIауэ мыбдеж кьыщидмыIуэми. Ди нэхъыжь Iумахуэхэм я гугъуеихьрэ я псэкIэ зэрагъэпэща а хьугъуэфIыгъуэ тепъыджхэр зыхуатхар дэращ - псэуэ яIьагъу и лъэпкъым и цIыхухэрщ, абыхэм къытхуагъэна а хуелеягъэм хэдгъэхъуэным, адэкIэ зедгъэужьыным и пIэкIэ нэмыпIэ ептынырщ, Iэщ1ыб тщIынырщ, дызыхуэмей хьэпшыпIыжьу иддэзыжьныр ди напэм, ди щIыхьым кьезэгъыщхьэм, ар тIэщIэщэми лъэпкъыфэ зыми кьыщIипIыжьынукъым.

АнэдэлъхьэзэкIэ тха тхыгъэхэм гу щIыIэ дазэрыхьэуам, ди щIэж зэрахуэдгъэзам и щхьэусыгъуэхэр куэд мэхъу, абыхэм языхэзэри гугъуехь пымыIну, псынщIэу тхуэгъэтэмэмыжьыри фIэщ щIыгуейщ. Ар къыщожьэ, кьыгуэхьапIэ имыIэу епIащ анэдэлъхьэзэкIэ кьыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Іуащхьэмахуэ» журналымрэ етх лейм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и адыгэхэм я бжыгъэр, тIэкIу щыщIэми, мелуан ныкъуэм нызэрохьэс, ауэ абыхэм ящыщу я газетым еджэр зэрыхъур минипщIу, журналым Iэ тезыдзэр (ари пIэйу, хьэтыр хэлъу) минитI къудейщ. ФIэщ щыщIыгъейщ а тIур зыIэрымыихь адрей ди лъэпкъэгъу мин щиплIэ пщIейм ахэр кьалэлъуауэрэ щыгъуазэ зэхуащIу. Иджырей ди цIыхухэм щIэныгъэ ябгъэдэлъкъым, я лъэпкъыбзэр жыпIэнущи, я нэхъыбэм курыт еджапIэр кьаухащ, абыхэм псоми анэдэлъхуабзэр щрагъэджж. Мыдрейуэ я газетми журналми я Iэ тездапщIэр упэмыльэщыну, егъэлеяуэ лъапIэуи пхужыжьнырщ.

НэхъыфIу пхужыжьнукъым лъэпкъым и цIыхухэр адыгэбзэкIэ кьыдэкI тхылъхэм зэрахущытри. Ди деж кьыщыдэкI тхылъхэм я тиражыр 500 - 1000-м фIэкIырхъым, абыхэм я нэхъыбэри зи бжыгъэкIэ щиплIым нызэрыхьэс кьуажэ, еджапIэ библиотекэхэм яIэрохьэ, абы кьыхэкIкIи кьэна мащIэрщ лъэпкъ тхылъеджэхэм я деж нэсыр. ЛъэпкъыбзэкIэ кьыдэкI газетыр, журналыр, тхылъхэр зыIэрымыихьэ адыгэ тхылъеджэхэри мащIэ-мащIэурэ еджэным Iэпэдзгъэпэл хуохъу, унэм щыщIэмылъкIэ, библиотекэм кIуэу абыхэм щыгъуазэ зыхуащIын е мэщхьэх, е зэман ягъуэтырыкъым. Хьэдыгъуэдахэу тхыгъэ мащIэ фIэкI зыIэрымыихьэ лъэпкъым и цIыхухэми я бзэми, я литературэми гукъыдэжышхуэ хуамыIэж мэхъу, щыщымыгъуэзэкIэ, абы и Iэфlри кьагурыIуэркъым. Дымыбзыщу жытIэпэмэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыкIэ дэ еджэнэр фIыуэ зыIьлагъу лъэпкъхэм дащыщкъым. Гу лъитапхъэщ нэгъуащI зыгуэрми: иджыпстукIэ ди газет, журнал закъуэхэм Iэ тезыдзэр Іуащхьэмахуэ псэу къуажэдэсхэрщ. Гъэщ1эгъуэныгъракъэ, нэхъ зэфIэкI зиIэ, абыхэм щы-гъуаэзу щытыну нэхъ си кьалэн хэку унафэщIхэм, къэралкъулыкъущIэхэм, щIэныгъэлIхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэхэмрэ щезыгъаджэхэмрэ ящыщу ахэр зыIэрихьэр, закъуэтIакъэущ. Абыхэм Iэ тезыдзэхэм я унэщIэхэр зэ мыхъуми зэ къэгъэнэIуамэ, адрейхэм защIэжын щхьэкIэ е газетым, е журналым ахэр кьытедзамэ, занщIэу белджылы хьуну кьыщIэкIынут хэт сыт хуэдэу и лъэпкъ литературэм, культурэм хущытми.

Зыми жиIэркъым, хуитныгъэ иIэуи кьыщIэкIынкъым лъэпкъым и зы цIыхуи зэржэн хуэй тхакIуэ Бырсинэ Фатимэ баштекъуэ Афэщокъуэ Раисэ зэIущIэр кьызэIуихри, зэтраубла Iуэхур наркоманием, абы пыщIа щIэпхьаджагъэхэм ехьэлIа гугъуехьхэм жылагъэм ун гъьелъэтыным, щIалэгъуалэр я лъэхъуакъым. ПэIащIэу къэгъэтэджыным зэрытраухуар жиIащ. Адэкlэ кьызэхуэса ныжьыкIыщ цIыкIухэм кьаIэта Iуэхум теухуауэ епсэльащ «Зыужьныгъэ» фондым и унафэщI Кьыщыкъуэ Иринэрэ министерствэм и лIыкIуэ Къарэ Ратмиррэ. КъБР-мкIэ УФСКН-м и Iэщlагъэлl-эксперт Силинский Константин наркотикыр кьэбгъэсэбэп зэрымыхъунур, а щхьэхъ бзаджэм зыдрамгъэщIэхьэну яжриIащ ныжьыкIыщ. Сабийхэр яфIэгъэщIэгъуэну хьэщIэхэм епсэльащ, кьызэреупщIахэм жэуап иратащ.

Щэнхабзэмкlэ унэм и щыхъэпIэм деж сабийхэм мелхэмкIэ яща сурэтхэм я зэпеуэ щрагъэкIуэкIащ. Кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ районым и творческэ гупхэм.

ТАРИМ Алисэ.

ХьэбарегъащIэ

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и щIэджыкIакIуэхэр фрагъэблагъэ ар ильэс 20 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхьым. Зэкьыхэр мэкъуаэгъэм и 24-м щекIуэкIынущ Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэтъэгъуанIэм. Ар щIидзэнущ сыхьэт 16.00-м. Абы хэтынущ артист щэрыIуэхэр.

ЩщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ 47-74-02, 42-75-22 телефонхэмкIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъар Алисэ.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-67-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэщ1ащIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ащIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщIэ дальщ КъБР-м федеральнэ нощ зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIуэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъаэм и 16-м №П-0065-м щIэту ягъащ.

Зы тIэкIумэ газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня**, редактору Уэрдокъуэ **Жанэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **ПхытIыкI Юрэ** *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлъыкъуэлъубатIитI* **Марьят.** *Компьютерыр газетым и теплъэр щIащIэ*Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.025● Заказ №1661

«ЩIэблэ узыншэр - лъэпкъым и къэкIуэнщ!»

а фIэщыгъэм щIэт акцэр мэкъуаэгъэуэм и 17-м - Наркоманиемрэ наркобизнесымрэ е ебэныным и гунэпсо махуэм - щIидзауэ Іуащхьэмахуэ куейм щокIуэкI.

АР къызэрагъэпэщащ Іуащхьэмахуэ районым адміністрацэм КъБР-м щIалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкIэ министерствэмрэ «Зыужьныгъэ» псапащIэ фондымрэ и щIэзэкъуэну Акцэм зэрыщIэзэм тегуэра зэIущIэ щIэкIуэкIащ Кулиев Кьайсин и цIэр зезыхьэу Тырныауз дэт Щэнхабзэмкlэ унэм. Абы кьырихьэлащ школхэм кьыщIэзэIуаха гъэмахуэ лагерхэм зыщызыгъэпсэху цIыкIухэр, районым адміністрацэм и лIыкIуэхэр, къызэгъэпэщакIуэхэмрэ УФ-м и ФСКН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм кьикIа хьэщIэхэмрэ.

Районым адміністрацэм и Iэтащхьэм и апэ кьуэдзэ Афэщокъуэ Раисэ зэIущIэр кьызэIуихри, зэтраубла Іуэхур наркоманием, абы пыщIа щIэпхьаджагъэхэм ехьэлIа гугъуехьхэм жылагъэм ун гъьелъэтыным, щIалэгъуалэр я лъэхъуакъым. ПэIащIэу къэгъэтэджыным зэрытраухуар жиIащ. Адэкlэ кьызэхуэса ныжьыкIыщ цIыкIухэм кьаIэта Іуэхум теухуауэ епсэльащ «Зыужьныгъэ» фондым и унафэщI Кьыщыкъуэ Иринэрэ министерствэм и лIыкIуэ Къарэ Ратмиррэ. КъБР-мкIэ УФСКН-м и Iэщlагъэлl-эксперт Силинский Константин наркотикыр кьэбгъэсэбэп зэрымыхъунур, а щхьэхъ бзаджэм зыдрамгъэщIэхьэну яжриIащ ныжьыкIыщ. Сабийхэр яфIэгъэщIэгъуэну хьэщIэхэм епсэльащ, кьызэреупщIахэм жэуап иратащ.

Щэнхабзэмкlэ унэм и щыхъэпIэм деж сабийхэм мелхэмкIэ яща сурэтхэм я зэпеуэ щрагъэкIуэкIащ. Кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ районым и творческэ гупхэм.

ТАРИМ Алисэ.